**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети**

**Юридика факультети**

Миллий идея, мәнаўият тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими қәнигелиги

4 курс студенти

**Хожамуратов Шамураттың**

# ҚӘНИГЕЛИК ПИТКЕРИЎ ЖУМЫСЫ

Тема: **«Төлепберген Қайыпбергеновтың шығармаларында дослық ҳәм туўысқанлық, әдеплилик, руўхый ағартыўшылық мәселелери»**

Илимий басшысы: т.и.к. М. Сеитназаров

Кафедра баслығы: т.и.к. М. Сеитназаров

Нөкис -2012

Жобасы:

Кирисиў

I. Бап. Төлепберген Қайыпбергеновтың шығармаларындағы идеялық өзгешеликлер

1.1 Қарақалпақ жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергеновтың дөретиўшилиги ҳәм руўхый мәдениятқа қосқан үлеси

1.2 Төлепберген Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ қызы» ҳәм «Соңғы ҳүжим» романларының қарақалпақ жасларының Ўатан сүйиўшилик ҳәм кәмил инсанлар болып тәрбияланыўында әҳмийети

1.3 Жаслардың мәнаўиятын қәлиплестириў ҳәм раўажландырыўда Төлепберген Қайыпбергенов шығармаларының әҳмийетли қураллардың бири екенлиги

II. Бап. Төлепберген Қайыпбергеновтың шығармаларының жасларды руўхый тәрбиялаўдағы әҳмийети

2.1 Төлепберген Қайыпбергеновтың қосық ҳәм шығармаларының миллий ғәрезсизликти беккемлеўдеги ҳәм миллий раўажланыўдағы әҳмийети

2.2 Төлепберген Қайыпбергенов дөретиўшилигинде миллий сезим, миллий мақтаныш, ўатанпәрўарлық сыяқлы жоқары инсаний пазийлетлердиң сүўретлениўи

Жуўмақлаў

**Кирисиў**

Төлепберген Қайыпбергенов XX әсирдиң белгили жазыўшысы. Ол өзиниң көп ғана прозалық дөретпелери менен қарақалпақ әдебиятын байытты. Оның очерклери, гүрриңлери, романлары миллий көркем прозамызда өз орнына ийе.

Мәмлекетимизде қабыл етилген барлық социаллық бағдарламалар Ўатан келешеги, елимиз тынышлығы ҳәм ҳалық пәраўанлығын тәмийинлеўге қаратылған. «Бәркамал әўлад жылы» мүнасибети менен кабыл етилген Мәмлекетлик бағдарлама да мазмун-мәниси ҳәм әҳмийети бойынша, мәмлекетимиздиң уллы мақсетлерине ерисиўиниң исенимли кепили болып, өзиниң ғәрезсиз пикирине ийе, беккем исенимли, терең билимли, ҳеш кимнен кем болмаган бәркамал әўладты тәрбиялаў жолында тийкарғы ўазыйпа болып хызмет етпекте.

Мәмлекетимиз инсан мәплери, ҳуқуқ ҳәм еркинликлери жоқары қәдирят болған социаллық бағдарланған базар экономикасына тийкарланған ҳуқуқый демократиялық мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурыў жолынан раўажланып бармақта. Экономикамыздың түрли тараў ҳәм тармақлары ортасындағы сәйкесликтиң күшейиўи ҳәм де исенимли өсиў жағдайларының тәмийинлениўи нәтийжесинде халық дәраматлары, турмыс дәрежесиниң сезилерли дәрежеде өсиўи ертеңги күнге болған исенимиздиң кем-кемнен беккемленип барыўына жол ашпақта.

Журтымыз социал-экономикалық раўажланыўында қолға киргизип атырған жоқары нәтийжелер, ең алды менен, жаңадан-жаң заманагөй тармақ ҳәм ислеп шығарыў қуўатларының жолға қойылыўы, буның нәтийжесинде мәмлекетимиз экономикалық искерлигиниң сезилерли дәрежеде артып баратырғаны, ислеп шығарылып атырған өним ҳәм көрстеилип атырған хызмет түрлериниң көбейип, сапасының түптен жақсыланып барыўы, бир сөз бенен айтқанда, экономикамыздың жаңаша мазмун ҳәм мәнис пайда етип барыўында ғәрезсиз раўажланыў жолының туўры таңланғаны, әмелге асырылып атырған экономикалық сиясат стратегиясының ҳәр тәреплеме

пуқта тийкарланған ҳәм де халқымыздың пидәкерлик мийнети әҳмийетли ҳәм тийкарғы фактор болып хызмет етпекте[1].

Мәмлекетимизде реформалардың дәслепки дәўиринен баслап, социаллық тараўды раўажландырыўға айрықша дыққат аўдарылып келинбекте. Раўажланыўдың өзбек модели – биз таңлаған стратегиялық жолдың ең әҳмийетли бағдарларынан бири оның күшли социаллық сиясат жүргизиў мәселесин жетекши орынға қойғаны менен тиккелей байланыслы. Белгили болғанындай, өзбек моделиниң өзеги – рационал маңызын қурайтуғын белгили бес усылдан бири де күшли социаллық сиясат алып барыўды нәзерде тутады.

Әдебият-бул адамларды жоқары әдеп-икрамлыққа, дослыққа, меҳрге үйрететуғын руўхый ағартыўшылық болып табылады. Соның менен бирге саўатлы билимли, келешекке үмит ҳәм тилек бериўши, жазыўшылар ҳәм шайырлар халқымыздың руўхый мәдениятының бай болыўына, келешек әўладты тәрбиялайды.

Төлепберген Қайыпбергенов қарақалпақ, өзбек әдебиятында үлкен орынды ийелейтуғын жазыўшылардың бири. Оның дөретиўшилиги ярым әсирден көбирек ўаққытты өз ишине алады. Көркем әдебияттағы дөретиўшилигиниң жоқары баҳаланыўы- бул оның тынбай ислеген, изленген мийнетлеринде.

Әдебиятымыздың соңғы ири көзге түсерлик табысларының қатарына орынлы түрде, Төлепберген Қайыпбергеновтың «Соңғы хүжим», «Қарақалпақ қызы» романлары киреди. Бул романлар жазыўшы творчествосының байыўында ҳәм шеберлигиниң артыўында жаңа жоқары басқыш болыўы менен бирге қарақалпақ әдебиятында роман жанрының раўажланыўында да үлкен практикалық жетискенлик бар.

Себеби, оларды биринши романларға тән болған дәўирди, ўақыяларды қамтыўдағы роман жанрына тийисли кеңликтиң

[1] Каримов И «2012-жыл ўатанымыз раўажланыўын жаңа басқышқа көтеретуғын жыл болады» Т-2012 ж.

жетиспеўшилиги, композициялық ақыллылық, образлар жасаўдағы бир тәреплемелик, қаҳраман характериниң өсип жетилисиўиниң сайыз, үстиртин көрсетиўшилик сыяқлы кемшиликлер бир жөнкилли сапластырылған еди.

Сондай-ақ бул шығармалар мазмуныныӊ, тилиниӊ байлығы, идеясыныӊ, қаҳарман ҳәм персонажлардыӊ характериниӊ тереӊлиги, жанрлар қоспалығы менен автордыӊ дәслепки шығармаларынан да күшли айырмашылыққа ийе.

Төлепберген Қайыпбергеновтыӊ романларыныӊ көркемлик дәрежеси бойынша да жоқары баҳаға ылайық. Оныӊ композициясы жүдә ықшам, керексиз образ ҳәм эпизотлардан аўлақ. Ўақыялар избе-из шығарманыӊ идеялық бағдарына сәйкес раўажланып отырады. Еки бир-бирине қарама қарсы күшлердиӊ ис-хәрекетин параллель көрсетип барыў арқалы жазыўшы бириниӊ фонында бирин анығырақ, тереӊрек көрсетиўге мүмкиншилик алған. Шығарманыӊ тили өзиниӊ түсиниклиги образлы сөзлерге байлығы менен характерленеди.

Ендиги ўазыйпамыз соннан ибарат, миллий ғәрезсизлик идеясы түсиниклери тийкарында кеӊ жәмийетшилик, зиялыларымыз, илим ҳәм мәденият ғайраткерлери, алды менен, руўхый-ағартыў тараўлары хизметкерлери миллий идеологияны жетилистириў ҳәм оныӊ тийкарғы принцплерин адамлар санасына ҳәм қәлбине сиӊдириўге қаратылған жумысларды жаӊа басқышларға көтериўи зәрүр[2].

Қаҳарманларды типлестириўде, олардыӊ дара сүўретин жасаўда, ишки дүньясын ашып бериўге тилдиӊ мүмкиншиликлерин шебер қолланған.

Халқымыз тарийхына, күнделикли өмирине, психологиясына шешиўши бурылыс енгизген бул ўақыяны шығармаға тийкар етип алыў арқалы автор Қарақалпақстан турмысында отызыншы жыллардыӊ басында болып өткен шешиўши өзгерислерди, бул өзгерислер ағымында жаӊа

---

[2] «Миллий ғәрезсизлик идеясы` тийкарғы түсиник ҳәм принцплер» Нөкис «Қарақалпақстан» 2001 ж.

адамның қәлиплесиўин кең планда көрсетиўге, қаҳарманлардың ишки дүньясын тереңрек изертлеўге мүмкиншилик алған.

Соның менен бирге қаҳраман ашық минезлилиги, мийнет сүйгишлиги, тапқырлығы менен аўылда зор исенимге ҳәм сүйиўшиликке ийе. Оқыўға жаслар, соның ишинде ҳаял-қызларда жибериледи. Бул жумыслардың өзи де дара-дара жасап атырған дийханлардың басын бириктириўде, олардың санасына аўызбиршилик, туўысқанлық идеяларын оятыўда үлкен орын тутады.

Нәтийжеде адамлар жәмийетлик мийнеттиң, жасаўдың жәмийетлик формасының артықмашылығын ис жүзинде көрип исене баслайды, өзлериниң ески, жеке меншик тийкарында қәлиплескен көз қарасынан безип жаңа турмысқа бет бурады. Жәмийет ушын жаны ашыйтуғын, ол ушын өзин жуўапкерли сезетуғын дәрежеге жетеди. Буны шығармада Өмирбек ғарры, Садық, Турғанбек, сыяқлы дийханлардың ҳәрекетлеринде көриўге болады.

Өмирге-өмиринше өз гүмирашылығы менен болып, жеке өз мәпи менен жасап келген олар жаңа өмирдиң күшли ағысы менен жаңа айдың жасап келген болып, жеке өз мәпи менен жаңа айдын жолға келип түседи. Аўыл турмысындағы қуўанышлы өзгерислер, Жийенмураттың гүрриңлери ҳәм ески турмыстан түңилгенлик оларды шарықшыларын өз ерки менен отқа салыўға, қыстың қаҳаман суўығында кеңсе салыў жумысына актив қатнасыўға, меншигиндеги малларын, дәнлерин ықтыярлы түрде орталлыққа тапсырыўға,

Автор шығармада турмыстың, адам характериниң раўажланыўы процессин диалектикалық планда сүўретлейди. Бул романның реализмин күшейтип ҳәм оны басқа өзине шекемги романлардан жақсы жағынан айрып турады. Аўылдағы турмыс қарама-қарсылықлар менен толы. Роман көркемлик дәрежеси бойынша да жоқары баҳаға ылайық. Оның көркемлик көрниси ықшам, керексиз образлардан аўлақ.

Ўақыялар избе-из шығарманың идеялық бағдарына сәйкес раўажланып отырады. Шығарманың тили өзиниң түсниклилиги образлы

сөзлерге байлығы менен характерленеди. Қаҳраманларды типлестириўде, олардың дара сүўретин жасаўда, ишки дүньясын ашып бериўге тилдиң мүмкиншиликлерин шебер қолланған. Роман образлы теңеў, салыстырыўларға, орынлы берилген диалогларға, массалық орынларға оғада бай.

Төлепберген Қайыпбергенов мийнетлерин мәмлекетимиз тәрепинен жоқары баҳаланды. Жазыўшыға «Қарақалпақстан халық жазыўшысы», «Өзбекистан халық жазыўшысы» атақлары берилди. «Шухрат» медали, «Дустлик» ордени ҳәм «Эл-юрт хурмати» сыйлығы менен сыйлықланды. Соның менен бирге «Өзбекистан Қаҳарманы» деген уллы, жоқары атаққа ийе болды.

Солай екен, Президентимиз Ислам Каримов өзиниң «Өзбекстан XXI әсир босағасында» атлы мийнетинде` «Биз руўхый қәдирятларды тиклеўди миллий өзлигимизди аңлаўдың өсиўинен, халықтың руўхый байлықларына, оның тийкарына қайтыўдан ибарат өзгеше, тәбий қубылыс деп есаплаймыз» деген еди.[3] Жазыўшының көп шығармалары жас келешек әўладты дослыққа, әдеп-икрамлыққа тәрбиялайды. Руўхый жақтан жылында» С.Хожаниязов атындағы жас тамашагөйлер театарында қарақалпақ шайыры Бердахтың жаслығы сүўретленген «Степной соловей» атлы спектакли Төлепберген Қайыпбергеновтың шығармаларынан қойылды.

Дүнья әдебиятында өмир шынлығын жүдә кең жобалы, адамлар тәғдирин шынлық пенен сүўретлеп беретуғын жүдә қыйын ҳәм қурамалы жанр-эпопеяның туўылыў тарийхый романның раўажланыўы менен байланыслы еди.

Төлепберген Қайыпбергеновта өмирдиң тарийхый шынлығын тарийхый адамлар тарийхы менен байланыстырып, халқымыздың XVIII-XIX әсирлердеги барлық қатламлардың тәғдирин, қоңсы халықлардың гейпара группалардың тәғдири менен байланыстырып, өмир шынлығын мейлинше

---

[3] Каримов И. А «Өзбекстан XXI әсир босағасында» Ташкент 1997 ж.

кеӊ эпикалық түрде сүўретлениўде эпопея жанрының дәстүрин даўам етти ҳәм ол биринши қарақалпақ эпопеясының дөретиўшиси болды.

## I. Бап. Төлепберген Қайыпбергеновтың шығармаларындағы идеялық өзгешеликлер

Журтымыз социал-экономикалық раўажланыўында қолға киргизип атырған жоқары нәтийжелер, ең алды менен, жаңадан-жаң заманагөй тармақ ҳәм ислеп шығарыў қуўатларының жолға қойылыўы, буның нәтийжесинде мәмлекетимиз экономикалық искерлигиниң сезилерли дәрежеде артып баратырғаны, ислеп шығарылып атырған өним ҳәм көрстеилип атырған хызмет түрлериниң көбейип, сапасының түптен жақсыланып барыўы, бир сөз бенен айтқанда, экономикамыздың жаңаша мазмун ҳәм мәнис пайда етип барыўында ғәрезсиз раўажланыў жолының туўры таңланғаны, әмелге асырылып атырған экономикалық сиясат стратегиясының ҳәр тәреплеме пуқта тийкарланған ҳәм де халқымыздың пидәкерлик мийнети әҳмийетли ҳәм тийкарғы фактор болып хызмет етпекте.

Бул факторлардың тийкарғы мақсети – журт тынышлығы ҳәм раўажланыўы, халқымыз абаданшылығы жолында жәмийетимиздиң бәрқулла бирлеге ислесип киятырғаны күтә қурамалы раўажланыў жолын басып өтиўде аўыр сынаўлардан табыслы өтиўине имкан жаратты[4].

Бизиң күнлеримиздеги қарақалпақ әдебиятының белгили ўәкилилериниң бири талантлы жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергеновтың творчествосы соңғы дәўирде тез пәт пенен раўажланып ҳәм ҳәр тәреплеме байып баратырғанын айқын мысалы болып табылады.

Төлепберген Қайыпбергенов 1929-жылы 7-майда Кегейли районының аймағында дийхан семьясында туўылды. Болажақ жазыўшы еле аўылдағы мектепте оқып жүрген ўақытларында-ақ, зийрек, қунтлы оқыўшы болды. Кейин Хожели педагогикалық учелищесинде оқыды. 1950-жылы Қарақалпақ Мәмлекетлик Педагогикалық Институтының рус тили ҳәм әдебияты бөлимине оқыўға түседи. Тап усы ўақыттан оның әдебиятқа араласыўы басланды. Ол дәслеп киши қосықлар жазды.

[4] Каримов И «2012-жыл ўатанымыз раўажланыўын жаңа басқышқа көтеретуғын жыл болады» Т-2012 ж.

Өз әдебий хизметин кишкене қосықлар жазыўдан баслаған. Оның қәлеминде көп санлы очерклер, гүрриңлер, «Секретарь», «Муғаллимге рахмет», «Суўық тамшы», «Уйқысыз түнлер», повестлери, «Соңғы хүжим», «Қарақалпақ қызы», «Маман бий әпсанасы», «Бахытсызлар», «Түсиниксизлер», Қарақалпақ дәстаны", "Көздиң қарашығы" романлары рус, өзбек, қазақ ҳәм басқа да туўысған халықлар тилине аўдарылды, сондай-ақ ғәрезсизлик дәўирине тийисли "О дүньядағы атама хатлар", "Қәлбимниң қамусы", "Туркийнама" «Қарақалпақпан, тәўекелшимен» дөретпелери, көп санлы публицистикалық шығармалары жәрияланды, олар ҳәзирги қарақалпақ прозасының буннан былай да раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе болып табылады. «:йқысыз түнлер» ҳәм «Суўық тамшылар» повестьлери қарақалпақ прозасының лирико-психологиялық бағдардың пайда болыўына әкелди. Бул шығармалар өзбек әдебиятшысы-Абдулла Каххардың дыққатын өзине тартады. Гойиб Якубов пенен биргеликте Төлепберген Қайыпбергеновтың «Суўық тамшы» атлы повестин өзбек тилине аўдарады. Дүнья саяхатына шығып, өз елиниң өтмишин үйренди, тарийхшылар менен сәўбетлер алып барды. Көплеген музейлер ҳәм архивлерде болған. Қарағалпақ халқының тарийхын үйрене отырып, ол дүнья жүзлик мәдениятқа үлкен үлес қосты.

Ғәрезсизликке ерискеннен кейин қарақалпақ халқы өзиниң өтмишине, тарийхый қәдриятларына, миллий үрип-әдетлерине үлкен дыққат аўдарды[5].

Жазыўшының жетискенлиги оның тек тек тарийхый шынлықларда ғана емес, ал оның усы көрнислерди жүдә усталық пенен көркем сүўретлей бериўи. Төлепберген Қайыпбергенов тарийхый романларда тоқтап қалмады, оның нәзеринде бүгинги күнниң ҳәм заманагөй темалар қоршаған орталықтың өзгерислери менен байланыслы еди.

Жазыўшының 1955-жылы "Почтальон келгенде" атлы гүрриңи биринши рет жарық көрди. Соннан кейинги жыллары жазыўшы болып

[5] Каримов И А «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» Ташкент «Маънавият» 2008 ж.

қәлиплести ҳәм жоқарыда атап өтилген шығармаларын дөретти. Ол көркем әдебият тараўындағы хызметлери ушын Бердақ атындағы Қарақалпақстан республикалық, Хамза атындағы Өзбекстан Мәмлекетлик сыйлықларын алды. Буннан басқа ол 1986-жылы "Қарақалпақ дәстаны" трилогиясы ушын бурынғы аўқамның мәмлекетлик сыйлығына, "Қарақалпақнама" роман-эссеси ушын М.Қашғарий атындағы жер жүзлик (Орта Азия) сыйлыққа миясар болды. Т.Қайыпбергенов Өзбекстан қаҳарманы.

Творчествосының раўажланыўының барлық даўамында Қайыпбергенов өз үстинде үзликсиз ислеп, проза жанрының ең кишкене формаларынан баслап көлемли романларға шекемги аралықтың бар қыйынлығы табыслы өтти, ири эпикалық формаларға тән болған көркем өзгешеликлерди өзлестирди, өз билимин, өз шеберлигин жылдан-жылға, шығармадан-шығармаға жетилистирип барады. Оның жәриялаған повесть хәм романларының бизиң республикамыздың барлық жерлерине кең тарқалыўы менен туўысқан рус, украин, өзбек, қазақ, түркмен, эстон халықла китап оқыўшыларының ийгилигине айланып отырғанының сыры да мине тап усындай.

Жазыўшының творчествосы мазмунының ҳәр тәреплеме байлығы ҳәм тематикасының кеңлиги менен характерленеди. Онда Қарақалпақстан тарийхының, ҳәзирги турмысының барлық баслы этаплары, бизиң идеяларымыздың тарийхый, дослық ҳәм туўысқанлық, әдеплик, руўхый ағартыўшылық мәселелери ҳәм жекке өмири сәўлеленген.

Бул шығармалардың күшли идеясы, ондағы унамлы қаҳарманлардың образлары адамларды турақлылыққа, ҳадаллыққа, мәртликке, мақсетке умтылыўшылыққа тәрбиялаўда үлкен роль атқарып киятыр.

Мине булардың барлығы гүллеп раўажланыўында, оның ири эпикалық жанрлар менен толықыўында Төлепберген Қайыпбергеновтың салмақлы орны бар деген мәнисти аңлатады.

Төлепберген Қайыпбергенов 1929-жылы 7-майда Кегейли районының Чапаев атындағы колхозында колхозшы дийхан семьясында туўылды.

Болажақ жазыўшы еле аўылдағы мектепте оғып жүрген жас бала ўақтында-ақ уқыплы, зийрек ҳәм көп оғыўды қәлейтуғын қунтлы оқыўшы сыпатында көзге түсти.

Кейин Хожели педагогикалық училишесинде оқыйды, өзи туўылған аўылда муғаллим болады.

1950-жылы Төлепберген Қайыпбергенов Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты факультетине келип түсти. Тап усы ўақыттан баслап оның әдебиятқа араласыўы басланды. Ол әдебият пенен, жазыўшы-шайырлар менен жақыннан танысып, булардан алған ҳәм өзи турмыста байқаған тәсирлерин қосыққа айландырып жаза баслайды. 1951-жылы «Билегим» атлы тунғыш қосығы республикалық газетада басылып шығады. Жас жазыўшы баспа сөзге усылай қәдем атлады. Усыннан баслап оның қосықлары газета-журналларда көрине баслады.

Жазыўшының прозаға бет бурыўы 1955-жылға туўра келеди. Бул жылы оның «Почтальон келгенде» деген дәслепки гүрриңи газеталарда басылды. Соннан бери ол тийкарынан проза жанрында исследи.

1955-жылы Төлепберген Қайыпбергенов пединституты табыслы питкерип шығады. Бул ўақытта ол жазыўшылық исин өзине мақсет етип алған, бирақ еле әдебият майданында онша таныла қоймаған жаслардың бири еди.

Буннан соңғы жылларда Төлепберген Қайыпбергенов ҳәр қыйлы жәмийетлик ҳәм баспа орынларда ислеп, бул ўазыйпаларды әдебий творчестволық ис пенен байланыстырып алып барады. Атап айтқанда ол республикалық «Қарақалпақстан ҳәм искусствосы» хәзирги «Әмиўдарья» журналында исследи, соң Қарақалпақстан Жазыўшылар союзында жуўаплы секретарь, Қарақалпақстан мәмлекетлик радио еситтириў комитетинде, көплеген газыталарда, полиграфия ҳәм китап саўдасы бойынша комитетинде исследи.

Бүгинги күнде ол Хамза атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты.

Төлепберген Қайыпбергенов творчествосының дәслепки басқышы аз сандағы кишкене көлемдеги қосықлардан ибарат. Буларда жас шайырдың тилек ойлары, өзи жасап атырған өмирге, оның айырым тараўларына болған көз-карасы, ўатанға деген сүйиўшилик, дослық, әдеплик, туўысқанлық, руўхый ағартыўшылық мәселелери жырланады.

## 1.1 Қарақалпақ жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергеновтың дөретиўшилиги ҳәм руўхый мәдениятқа қосқан үлеси.

Басқа халықлар сыяқлы қарақалпақ халқыда узақ жыллардан киятырған мәдений ҳәм руўхый мийрасларға бай. Усындай руўхый ҳәм мәдений мийрасларды жыйнаў оларды сын көзи менен қарап пайдаланыўдың әҳмийети күшли.

Солай екен, Президентимиз Ислам Каримов өзиниң «Өзбекстан XXI әсир босағасында» атлы мийнетинде` «Биз руўхый қәдирятларды тиклеўди миллий өзлигимизди аңлаўдың өсиўинен, халықтың руўхый байлықларына, оның тийкарына қайтыўдан ибарат өзгеше, тәбий қубылыс деп есаплаймыз» деген еди.

Республика илимпазларының тынымсыз изертлеўлериниң нәтийжесинде халқымыздың бай тарийхының жаңа бетлери ашылды. Усындай уллы данышпан шайырымыз Тилеўберген Жумамуратовтың да мийнетлери, бизге қалдырған руўхый ҳәм мәдений мийрасларын көрип биз жүдә қуўанамыз.

Төлепберген Қайыпбергеновтың прозасы кишкене жанрлардан басланады. Бул оның 1954-1959 жылларда жазылған ҳәм 1961-жылы басылып шыққан «Блокнот сөйлейди» атлы топламға кирген бир қатар гүрриңлери.

Бул шығармалардың тематикасы балалар турмысын сүўретлейди, аўыл хожалығында ислеўши бизиң адамларымыздың өмирин ҳәм мийнетин қала мийнеткешлериниң аўылға жәрдемин, соңғы ўақытқа шекемги

әдебиятымызда сөз етилмей келген интеллигнтимиздиң турмысын, ҳаял-қызлар сана-сезиминиң өсиуўин олардың азатлыққа, бахытқа умтылыўын «Бахытқа қәдем» тәриплеўден ибарат.

Бүгинги күни мәмлекетимиздиң ғәресизлигин беккемлеў халқымыздың, әсиресе жаслардың руўхый дүньясын байытыў ҳәм тереңлестириў арқалы иске асатуғынлығы сөзсиз. Себеби руўхый дүньясы бай инсан өз Ўатаны ҳәм халқының пидайылары болып жетилиседи. Соның ушын руўхый дүньясы бай жасларды тәрбиялап камалға келтириў улыўма миллий ҳәм мәмлекетлик көлемдеги илажлардың бири болып табылады. Солай екен ҳәр бир инсанның руўхый дүньясын жетилистирмей турып күнделикли турмысымызды жақсылаў ҳәм мәмлекетимиздиң социал-эканомикалық раўажланыўын жоқары басқышқа көтериў мүмкин емес.

Инсанияттың көп әсирлик тарийхы соннан дерек береди, бул дүньяда өзиниң миллий мәмлекетин қурыўға қарар еткен ҳәр қандай халық жоқары ўазыйпаларды әмелге асырыў, усы жолда адамларды бирлестириў ҳәм бағдарлаў, олардың қәлбинде исеним оятыў, ески жәмийетлик дүзимнен пүткиллей жаңа дүзимге өтиўде өзине қосымша күш-қуўат ҳәм мәдет алыўда улыўма, бирден бир мақсет ҳәм арзыў умтылыўшылық көриниси болған миллий идеяны таяныш ҳәм сүйениш деп билемиз[6].

Ата-бабаларымыздан мийрас болып қалған руўхый ҳәм мәдений мәдeният өзгешеликлерин, жер жүзлик мәдениятты тереӊ билиў бизиң мәмлекетимиздиң руўхый қайта тиклениў сиясатының тийкары болыўы бәршемизге мәлим.

Бунда әлбетте жоқары руўхыйлығымыздың орны гиреўли. Жоқары руўхыйлық адамлардың жүреги ҳәм аңына, келешекке исеним сезимин сөңдириўи, Ўатанға муҳаббат, мәртлик ҳәм шыдамлылық, әдиллик сезимин тәрбиялаўға хизмет етеди.

Ал гейпара «Еки көзли», «Ана ашыўы», «Жолдағы жәнжел», «Ким айыплы» сыяқлы гүрриңлерде турмысымызда орын алып киятырған айырым

[6] Каримов И А «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» Ташкент «Маънавият» 2008 ж

қәте кемшиликлер, жарамас әдетлер қатты критикаланады. Гүрриңлердиң идеялық мазмунына нәзер аўдарғанымызда олардың ҳәммесин дерлик бизиң ҳәзирги күнделиклик турмысымыздан алып жазылғанын көремиз. Автор бүгинги күнниң ең актуаль мәселелерин көрсете алған.

«Тракторшы» гүрриңинде 50-жылларда басланған жаслардың билимди халық хожалық практикасы менен беккемлеўи ҳаққында сөз болады. Мектепти питкерип шыққан Абдулла тракторшы болып ислеўге бел байлайды.

Автор ески, орнығып қалған дәстүр менен жаңа исенимлердиң гүрресин, жаңа кәсипти ийелеўдеги қыйыншылықларды исенимли ҳәм қызық етип көрсетип бере алған. Ўатандарлық урыста қаза тапқан ериниң исин даўам етип, пахта атызында гектарына 40 центнер зүрәәт ушын аянбай гүресип атырған 64-жасар ана Улболғанның оғыўшыны сүйсиндирерлик тулғасы «Мақсет» гүрриңинде сәўлеленеди.

Қаҳраман еле қарыўлы, ғайратлы, қәдди тик, ҳәр истиң көзин биледи, жас басқанлығына қарамай заңлы пенсияға зәрре итибар бермей атызда таңды аттырып, күнди баттырып жүр. Мақсети елине, халқына деген мухаббатынкөрсете бериў.

Оқыў- оқытыў темасы, булл системадағы ески, менен жаңаның гүреси «Тартыс» гүрриңиниң фабуласы болып хызмет етеди. «Батыл қәдем» гүрриңинде ески турмыс қәпесинен қутылып, өз жолында ушырасқан тосқынлықларды жеңип, Төрткүлге оқыўға кеткен қайсар келиншек Жумагүлдиң образлары ҳәм тағыда басқалар бар.

Төлепберген Қайыпбергенов гүрриңлерине тән характерине ийе өзгешелик, олардың тематикасының ҳәр қыйлылығы. Жоқарыда айтылғанындай-ақ, олар пахтакешлер турмысы, пиллекешлердиң пидәкерлик мийнети, билимлендириў тараўының айырым мәселелери, студентлер турмысы, мектеп оқыўшыларының санасының қәлиплесиўиндеги айырым шешиўши жағдайлар, бизиң адамларымыздың азатлық ушын гүреси,

мектепти турмыс пенен байланыстырыў мәселелери, қала менен аўылдың байланысы ҳәм тағыда басқалар.

Шығарманың алдына қойылған ўазыйпаны шешиў мақсетинде автор, турмыстағы, қаҳарман өмириндеги ең характерли ўақытын дурыс таңлап, ўақыяларды соның дөгерегинде раўажландырып барды. Буқан ол көп сөзликтен, шубалаңлықтан қутылыўға жәрдем береди. Қаҳарманның характери, ишки дүньясы қуры сөз бенен емес, ал олардың ҳәрекетинде, ўақыяларға, мийнетке, халық мүлкине қатнасында ашылып барады.

Елиўинши жыллардың екинши ярымы елимиздиң тарийхында жаңа бурын көрилмеген табыслар қолға киргизилген дәўир болды. Республикамыздың санааты, аўыл хожалығы ғаўлап өсип, олардың тараўлары көбейди, өними артты, халқымыздың мәдениятыжоқары дәрежеге, рухый талабы көшейди.

Мине бул дәўирде қарақалпақ әдебиятының өз раўажланыўында алға тағыда бир адым атлаўы оғада орынлы қублыс болды. Бул илгерлеў проза жанрының интенсив раўажланыўы, анығырақ айтқанда онда повестьҳәм романларының көплеп пайда болыўы менен белгиленди.

Әлбетте ҳәр бир көркем шығарма бул жаңа әдебий қубылыс. Сонлықтан онда әдебият тарийхында қәлиплескен дәстүрге автордың жаңа, өзинше дара дөретиўшилик қатнасы сәўлеленеди. Тарийхый романның қәлиплескен дәстүрине Төлепберген Қайыпбергеновта жаңа, өзинше дара дөретиҳшилик қатнас жасады. Сонлықтанда оның тарийхый романлары пайда болыўдан ақ жергиликли әдебий-көркем критиканың, жәмийетлик ойдың дыққатын өзине тез аўдарады.

Төлепберген Қайыпбергеновтың дөретиўшилигинде повестьлер үлкен орын тутады. Мәселен, 1956-жылы жарыққа шыққан ″Секретарь″, 1958-жылы жәрияланған ″Муғаллимге рахмет″ повестьлери жазыўшының дәслепки повестлери болыўы менен бирге қарақалпақ әдебиятында повесть жанрын раўажландырыўда белгили орынды ийеледи. ″Сууық тамшы″, ″Уйқысыз түнлер″ повестлери көркемлик дәрежеси жоқары, усы жанрдың

талапларына жуўап беретуғын шығармалар болды. Усы еки повесттеги Камал ҳәм Гүлзар Қарақалпақова образлары қарақалпақ әдебиятындағы ең шебер жасалған образлар қатарында тилге алынады. Оларда психологизм, қаҳарманлардың рухый ҳалатын ашып бериўге айрықша әҳмийет берилген. Еки повестте де екинши дүнья жүзлик урыс ақыбетлери, оның адамзат өмириндеги трагедиясы Камал ҳәм Гүлзар өмири арқалы жүдә шебер ашып берилген.

Әне усындай мәдений мийрасларымыздың үлгилери менен жақыннан танысар екенбиз, оларда сәўлеленген терең пикир ҳәм идеялар, өмир философиясы бизди таң қалдырыўына және бир мәрте исенемиз ҳәм әмийн боламыз. Шайырдың бул мийраслары руўхый дүньясы бай кәмил инсанды тәрбиялаўға хизмет етеди.

## 1.2 Төлепберген Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ қызы» ҳәм «Соңғы ҳүжим» романларының қарақалпақ жасларының Ўатан сүйиўшилик ҳәм кәмил инсанлар болып тәрбияланыўында әҳмийети.

Миллий идея дегенде бабаларымыздың әўладларға өтип, әсирлер даўамында қәстерленип киятырған, усы журтта жасайтуғын ҳәр бир инсан ҳәм пүткил халықтың жүрегинде терең тамыр тартып, оның руўхый зәрүрликлери ҳәм турмыс талапларына айланып кеткен[7].

Әдебиятымыздың соңғы ири көзге түсерлик табысларының қатарына орынлы түрде жазыўшының 1960-жыллары жарыққа шыққан "Соңғы ҳүжим", "Қарақалпақ қызы" романлары миллий прозамызда қаҳарман характерин сүўретлеўде әҳмийетке ийе болған шығармалар қатарына киреди. "Қарақалпақ қызы" романында қаҳарман характери, психологизми шебер жасалған. Шығармадағы барлық ўақыя Жумагүл образы арқалы ашып бериледи. Бунда қарақалпақ қызының ҳуқықсызлық, теңсизлик өмирден еркинликке умтылыўындағы басып өткен азаплы жолы жүдә исенимли түрде

[7] Жуманазар Базарбаев «Руўхыйлық тийкарлары» Нөкис «Қарақалпақстан» 2009 ж.

сүўретленген, сондай-ақ Зәрипбай, Дүйсенбай, Қутымбай, Турымбет, Айтен молла образлары оқыўшының дыққатын өзине тартады.

Бул романлар жазыўшы творчествосының байыўында ҳәм шеберлигиниң артыўында жаңа жоқары басқыш болыўы менен бирге қарақалпақ әдебиятында роман жанрының раўажланыўында да үлкен практикалық жетискенлик бар.

Себеби, оларды биринши романларға тән болған дәўирди, ўақыяларды қамтыўдағы роман жанрына тийисли кеңликтиң жетиспеўшилиги, композициялық ақыллыық, образлар жасаўдағы бир тәреплемелик, қаҳраман характериниң өсип жетилисиўинин сайыз, үстиртин көрсетиўшилик сыяқлы кемшиликлер бир жөнкилли сапластырылған еди.

Сондай-ақ бул шығармалар мазмунының, тилиниң байлығы, идеясының, қаҳарман ҳәм персонажлардың характериниң тереңлиги, жанрлар қоспалығы менен автордың дәслепки шығармаларынан да күшли айырмашылыққа ийе.

Төлепберген Қайыпбергеновтың романларының көркемлик дәрежеси бойынша да жоқары баҳаға ылайық. Оның композициясы жүдә ықшам, керексиз образ ҳәм эпизотлардан аўлақ. Ўақыялар избе-из шығарманың идеялық бағдарына сәйкес раўажланып отырады. Еки бир-бирине қарама қарсы күшлердиң ис-хәрекетин параллель көрсетип барыў арқалы жазыўшы бириниң фонында бирин анығырақ, тереңрек көрсетиўге мүмкиншилик алған. Шығарманың тили өзиниң түсиниклиги образлы сөзлерге байлығы менен характерленеди.

Қаҳарманларды типлестириўде, олардың дара сүўретин жасаўда, ишки дүньясын ашып бериўге тилдиң мүмкиншиликлерин шебер қолланған.

Халқымыз тарийхына, күнделикли өмирине, психологиясына шешиўши бурылыс енгизген бул ўақыяны шығармаға тийкар етип алыў арқалы автор Қарақалпақстан турмысында отызыншы жыллардың басында болып өткен шешиўши өзгерислерди, бул өзгерислер ағымында жаңа

адамның қәлиплесиўин кең планда көрсетиўге, қаҳарманлардың ишки дүньясын тереңрек изертлеўге мүмкиншилик алған.

Романдағы барлық ўақыя кишкене бир аўылдың масштабына жәмленген. Ондағы ҳәрекет етиўши қаҳарманларда тийкарынан сол аўылдың адамлары. Бирақ сол арқалы автор пүткил республикаға сол жыллары тән болған турмысты жуўмақластырып шебер көрсетеди. Инталы, әлпайым, адамлар менен ислесиўде тәжрийбе топлаған жигит көп ўақытты өткермей ақ жергиликли халықты изине еритип алады. Ол дәслеп өз әтирапына исенимли адамларды топлайды, аўыл дийханларының турмысы менен пухта танысады, олардың үйлерине барады, еринбей жумыстың артықмашылықларын түсиндиреди.

Соның менен бирге қаҳраман ашық минезлилиги, мийнет сүйгишлиги, тапқырлығы менен аўылда зор исенимге ҳәм сүйиўшиликке ийе. Оқыўға жаслар, соның ишинде ҳаял-қызларда жибериледи. Бул жумыслардың өзи де дара-дара жасап атырған дийханлардың басын бириктириўде, олардың санасына аўызбиршилик, туўысқанлық идеяларын оятыўда үлкен орын тутады.

Нәтийжеде адамлар жәмийетлик мийнеттиң, жасаўдың жәмийетлик формасының артықмашылығын ис жүзинде көрип исене баслайды, өзлериниң ески, жеке меншик тийкарында қәлиплескен көз қарасынан безип жаңа турмысқа бет бурады. Жәмийет ушын жаны ашыйтуғын, ол ушын өзин жуўапкерли сезетуғын дәрежеге жетеди. Буны шығармада Өмирбек ғарры, Садық, Турғанбек, сыяқлы дийханлардың ҳәрекетлеринде көриўге болады.

Өмирге-өмиринше өз гүмирашылығы менен болып, жеке өз мәпи менен жасап келген олар жаңа өмирдиң күшли ағысы менен жаңа айдың жасап келген болып, жеке өз мәпи менен жаңа айдын жолға келип түседи. Аўыл турмысындағы қуўанышлы өзгерислер, Жийенмураттың гүрриңлери ҳәм ески турмыстан түңилгенлик оларды шарықшыларын өз ерки менен отқа салыўға, қыстың қаҳаман суўығында кеңсе салыў жумысына актив

қатнасыўға, меншигиндеги малларын, дәнлерин ықтыярлы түрде орталлыққа тапсырыўға,

Автор шығармада турмыстың, адам характериниң раўажланыў процессин диалектикалық планда сүўретлейди. Бул романның реализмин күшейтип ҳәм оны басқа өзине шекемги романлардан жақсы жағынан айрып турады. Аўылдағы турмыс қарама-қарсылықлар менен толы. Роман көркемлик дәрежеси бойынша да жоқары баҳаға ылайық. Оның көркемлик көрниси ықшам, керексиз образлардан аўлақ.

Ўақыялар избе-из шығарманың идеялық бағдарына сәйкес раўажланып отырады. Шығарманың тили өзиниң түсниклилиги образлы сөзлерге байлығы менен характерленеди. Қаҳраманларды типлестириўде, олардың дара сүўретин жасаўда, ишки дүньясын ашып бериўге тилдиң мүмкиншиликлерин шебер қолланған. Роман образлы теңеў, салыстырыўларға, орынлы берилген диалогларға, массалық орынларға оғада бай.

Булар шығарманың идеясын ашыўда, образларды толықтырыўда үлкен хызмет атқарады. Автордың ири прозалық шықармаларды қурыўдағы стилин баянлайтуғын көрнислери кескин ўақыялардан баслаў болады. Шығармада қаўарманлардың түр-түсиндеги, характериндеги миллий белгилерди сызып көрсетиў халықтың өзине тән турмысын, миллий дәстүрлерин, сөз етилетуғын жердиң тәбиятын анық сүўретлеў арқалы бериледи.

Жазыўшының екинши «Қарақалпақ қызы» атлы еки китаптан ибарат романында әпиўайы қарақалпақ қызының ҳуқуқсызлықтан, қараңғы түнектен азатлыққа, жақты өмирге шекемги жүрип өткен ўзақ ҳәм азаплы өмири сүўретленеди[8]. Бирақ романның машқалалары оның менен шекленип қалмайды. Қарақалпақ халқының XX-әсирдиң биринши шерегиндеги тарийхый, турмысы, әдет-дәстүрлери ҳәм ишки рухый сезимлери ҳәр

[8] Төлепберген Қайыпбергенов «Қарақалпақ қызы» Нөкис 1960 ж.

тәреплеме ҳәм кең түрде шығарманың бас қахарманының тәғдири арқалы өтеди.

Онда оқыўшы тийкарғы ҳаял-қызлар азатлығы ушын гүрес темасының ашылыўын көзден өткере отырып, соның менен бирге сол дәўирдеги Қарақалпақстан турмысын барлық тәрепи менен сүўретлейди. Бундай шығарманың тийкары ретинде дәўирдиң характерли машқалаларының бирин таңлап алған, соның дөгерегинде халық тарийхының пүтин бир басқышын қураўшы ўақыялар, адамлар ҳәм затлар комплекси менен байланыста көрсетиў романға эпопеялық түс береди ҳәм автордың бул жанрдың өзгешеликлерин менгериўде елеўли табысқа ерискенлигин дәлиллейди.

Бас қаҳарман Жумагүл образы болады. Китапта сана-сезими оянған қыздың келешекке жол излеўи, бул жолдағы қыйыншылықлары, ойланыў толғаныўлары терең психологиялық көрнисте берилген. Еркин бойларына жетип келген жаңа дәўирдиң идеялары, турмыстың жаңа салалары менен аға баслаўы. Усы сезим оны Төрткүлге оқыўға атландырады. Бул адым романда әсирлер бойы ерки мақтаўлы келген мың-мыңлаған қарақалпақ ҳаял-қызларының  сыясый ҳәм руҳый жақтан азатлыққа шығыўының белгиси ретинде көринеди.

Романның екинши китабында биз Жумагүлди халық басшыларының бири сыпатында, сиясий ҳәм мәдений илажларын иске асырыў бойынша гүрестиң орайында көремиз. Бунда да қаҳарманның характери избе-из өсип, жетилисиў процессинде бериледи. Турмыста үлкен-үлкен өзгерислер, көпшилик пенен жумыс алып барыўдың практикасы, тәжрийбели басшылардың тәсири оның ақылына–ақыл, жигерине-жигер қосып барады, табанлы гүресшиң етип тәрбиялайды.

Оның шөлкемлестириўшилик уқыбы руҳый дүньясының байығанлығын Бийби менен Турдыгүлди оқыўға алып кетиўде, аўылдағы жыйналысларда сөйлеген сөзлеринде, тигиў шөлкемин дүзиўде, пьеса қойыўда, ҳаял-қызлардың бахтын қорлаўшылар менен бирге гүресте, адамлар

ҳәм өзиниң жеке тәғдири туўралы ойланыўларында айқын көринеди. Жумагүл жаңа дәўирдиң алдыңғы қатарлы ҳаял-қызларына тән унамлы қәсийетлерди өз бойына жәмлеген. Соның менен бирге автор қаҳарманның характериниң қәлиплесиўиндеги қарама-қарсылықларды да орынлы көрсетип образ жасаўдағы бир тәреплемеликти бир жөнкил сапластирған.

Жумагүл мудамы өз үстинде ислеп, турмыстан үйренип, оқып, өз қәте кемшиликлерин жөнлеп барады. Соның нәтийжесинде оның образы турмысқа жақын ҳәм бираз исенимли шыққан. Романда сондай-ақ Бийби, Турдыгүл сяқлы ҳаял-қызлар ўәкиллериниң образлары бериледи. Олардың дәўирдиң тутымларына соққы берип, азат жолға түсиўи Жумагүл басламасының, оның жигерли күш ғайратында көринеди. Солай етип, бул образлар  бир жағынан ҳаял-қызлар азатлығы ушын гүреске улыўмалық характер бергенин дәлиллеўши факт болса, екиншиден тийкарғы образды- Жумагүл образын ҳәр тәреплеме тереңрек ашыўға жәрдемлеседи.

Романда  дәҳирдиң баслы өзгшелиги болған халық турмысының санасының жаңарыўы, жазыўшы тәрепинен шебер сүретленген. Булар Орынбай, Кәллий, Сейтжан ҳәм тағыда басқа гедейлердиң образы. Үстемлик дәўирде аш-әптадарлықтан албырап санасын гүнгирт басып жүрген, бирақ ҳақ жүрек, мийнет сүйгиш бул адамлар аўылларда жанланыў басланыўдан-ақ бар интасы менен оның тәрепин тута баслайды.

Әне усындай мәдений мийрасларымыздың үлгилери менен жақыннан танысар екенбиз, оларда сәўлеленген терең пикир ҳәм идеялар, өмир философиясы бизди таң қалдырыўына және бир мәрте исенемиз ҳәм әмийн боламыз. Шайырдың бул мийраслары руўхый дүньясы бай кәмил инсанды тәрбиялаўға хизмет етеди.

Дийханлардың санасындағы бундай илгерлеўшилик китапта исенимли, турмыс тосқынлықларын избе-из жеңип өтиў түринде берилген. Бирақ жаңа турмыстың практикалық нәтийжелери олардың психологиясына шешиўши тәсир жасады.

Жәмийетимизде пайда еткен өзгерислердиң қарақалпақ дийханларының санасы арқалы қалайынша өтип турмысқа енгенин көрсетиў романның қунын жоқарылатыўшы унамлы тийкар ретинде қаралыўы керек.

Шығармада биз оларды бәрхама әҳмийетли ўақыялардың сағасында, халық өмири ҳәм тәғдири менен тығыз байланыста көремиз. Романның тийкарғы идеясы қарақалпақ ҳаял-қызларының азатлыққа шығыўы ҳәм жәмийетте өз орнына ийе болыўы жәмийеттеги еки қыйлы бир-бирине душпан күшлердиң гүреси арқалы ашылады. Ҳәрқандай жаңаның турмысқа ениўине тосқынлық етиўши образлар берилген.

Булардың жеке-жеке сүўретлениўи, ишки дүньясын көрсетиў арқалы жазыўшы ески, өмирин таўысқан, сықылсыз, жаўыз сықымар кертартпа дүньяның тутас тулғасын береди. Бул адамлар ҳәр қандай еркинликтиң, жаңалықтың қас душпанлары, себеби олар Әмиў бойларын әсирлер бойы қаплап жатқан түнекке алып келген жаңа идеялар тараса, мийнеткеш дийханлар, ҳаял-қызлар еркинлик алса өзлериниң бақ дәўлети шатнап қыйрайтуғынын түсинеди.

Сонлықтан олар азаплы үйди бузып шығып, ғәрезсизликке қарай биринши қәдем атқан Жумагүлди аямай қамшыға тутады, оның оқыўға кетиўин қыйынластырады, соң оны биротала жоқ етиўге талай сапар урынады. Бирақ шығармада көрсетилгендей ис -ҳәрекети халыққа қарсы ҳәм халықтан айырылып қалғанлықтан ҳәр адымында жеңилиске ушырап отырады. Бул образлардың романның идеялық ҳәм көркемлик дәрежесине еткен күшли тәсири шығарма мазмунынан анық сезилип турады.

Мәселен, романдағы тийкарғы машқала усы қара күшлер менен жаңа дүнья тәрептарларының соқлығысыўынан туўады. Усы гүресте шығарманың орайлық идеясы ашылады. Сондай-ақ бас қаҳарманның минезлериде оның усы унамсыз қаҳарманлар менен болған қатнасында, гүресинде қәлиплеседи, ең жақсы қәсийетлери унамсыз қаҳарманлардың адамгершилик жат минез-қулқының, ҳәрекетиниң фонында тағыда айқынрақ көзге тасланылады.

Унамсыз образлардан айырықша сәтли ҳәм ҳәр тәреплеме толық жасалғаны Дүйсенбайдың образы.

Жазыўшы қаҳраман өмириниң ҳәр қыйлы жақларын ҳәм этапларын, руўхый дүньясында болып өткен кем-кем сайызланып ҳәм қурып барыўдан ибарат узақ процессти анық ҳәм көркем сүўретлей алқан. Автор унамсыз қаҳарманларды сүўретлеўде орын алып келген бир тәреплемеликтен алыс. Жаўыз ҳәм иплас Дүйсенбай соның менен бирге ақыллы, ҳәр қандай қыйышылықтан шыға алатуғын, жағдайға бейимлескен. Бирақ бул тек сыртқы көринис. Ал ҳақыйқатында бай рухый жақтан ҳәлсиретип, қурып барады. Дүйсенбай қыйын ҳәм көп усылды гүресті талап ететуғын аса қәўипли душпан. Душпан образы шығарма идеясының узақ ҳәм кескин гүрес нәтийжесинде иске асқанының анық көрниўи.

Шығарманың образлар системасы бунаң менен шекленбейди. Онда турмыс қысқысы адастырған, класслық көз қарасы абыржы гедей Турымбеттиң образында машақатлы өмир жолы, көп санлы дийханлардың тәсиринен санасы ерте оянған алдынғы қатарлы ўәкили Төребайдың, қарақалпақ аўылында хожалықтың тийкарын салыў бойынша жумыс ислеўге келген жигитлердиң образларыда бар. Азатлыққа қол жеткен дийханның кең мүмкиншиликлери, халық дослық, туўысқанлық, әдеплик, руўхый ағартыўшылық идеясы анағурлым жоқарлығы ашып берилген.

Көркемлиги жағынан роман прозамыздың соңғы табысларының қатарына жатады. Жазыўшының шеберлиги бәринен де бурын халық тарийхының тутас бир басқышының өз шығармасында ықшам жайғастырыўында. Дәўирдиң характерли ўақыяларын турмыс ҳақыйқатлығына сай кескин машқалалар арқалы раўажландыра отырып, дослықтың, әдеп-икрамлықтың нәтийжесинде жүзеге келген жаңа идеялардың салтанатын исенимли ашып береди ҳәм оқыўшының жаңа өмирдиң гүллеген келешегине деген терең исеним менен толтырады.

Жумагүл ҳәм тағыда басғада унамлы қаҳраманлардың ой-сезиминиң байлығын, ислериниң дурыслығын, сызып көрсетип барыўға мүмкиншилик

береди. Ўақыяларды эпикалық планда сәўлелендириў ҳәм сол арқалы шығарма идеясын, қаҳарманлардың жеке өмирин сүўретлеў усыллары өз орнында және сәтли пайдаланылған.

Булар ҳәр қыйлы турмыс көрнислер, қаҳарманлардың жеке өмирин сүўретлеў, халықтың дәстүр ҳәм әдетлери, жыйналыслар ҳәм бас қоспа илажлары, шығарма мазмунына байланысқан тарийхый дәлийллемелер менен қаҳраманның күнделик дәптерлери, шөлкемлердиң турмысы ҳәм ҳәр қыйлы гүрес көринислери, авторлық шегинислер.

Бундай көркем сүўретлеў усылларының көплиги ҳәм олардың бай қолланылыўы тилекке муўапық, шығарманың идеялық ҳәм көркемлик бир пүтинлиги ҳеш те бузбайды, ал, керисинше оны беккемлеп ҳәм тереңлестирип турады.

Роман соның менен бирге айырым кемшиликлерди өз ишине алған. Олардың қатарына бәринен де бурын бас қаҳарманның характериниң қәлиплесиўин избе-из изертлеп олқылықларды жатқарыў керек. Нәресте ўақтынан баслап турмыс қысқысы түскен надан қыздың жүрегинде ғәрезсизлик ҳәм азатлық сезимлериниң ояныўы ишки руўхый раўажланыў процесси ретинде еле де тереңрек ашыўды талап етеди. Жумагүлдиң айырым ислери ҳәм жыйналыслардағы сөзлеринен ҳәзирги күнниң леби сезилип қалады.

Романдағы баҳалылығы қарақалпақ ҳаял-қызлардың азат болыўы сыяқлы қыйын ҳәм узақ жолды терең изертлей отырып, халқымыздың турмысында, санасында терең бурылыс жасаған өтиў дәўирин ҳәр тәреплеме сәўлелендире алыўында. Айырым атап өтилген кемшиликлерине қарамастан роман көркемлик дәрежеси бойыншада ири прозамыздың соңғы шешиўши табысларының бири.

Оның өмири даўамында топлаған турмыслық тәжрийбеси диний, әдеп-икрамлық, илимий, әдебий көз-қарасларын сәўлелендиретуғын бундай естеликлер әлбетте, бизди қуўанышқа бөлейди.

## 1.3 Жаслардың мәнаўиятын қәлиплестириў ҳәм раўажландырыўда Төлепберген Қайыпбергенов шығармаларының әҳмийетли қураллардың бири екенлиги.

Соңғы жыллар ишинде қарақалпақ әдебиятында лирико-психологиялық түрдеги кишкене көлемдеги повестьлер пайда бола баслады. Бул шығармалардың тийкарғы өзгешеликлери қаҳарманлардың психологиясын, ишки руўхый дүньясын ашып бериўдиң биринши жобаға қойылыўынан, адам санасының өз-өзи менен гүресин көрсетиў менен ўақыяларды, турмыс ҳақыйқатын қаҳарманлардың сезими арқалы сүўретлениўден ибарат. Формасы бойынша олар лирик қаҳарманлардың кеширмелери, иске түсириўи, күнделик дәптер, хат түринде берилген. Бул повестьлердиң тағы характерли өзгешеликлери олар турмыстан алынған сезиниң басымлығы.

Ғәрезсизлик дәўирде халқымыздың жоқары руўхый байлығы сыпатында өзиниң раўажланыўына өткендеги тарийхый өтмиш тәжрийбеси бүгинги турмыс машқалалары менен байланыстырыўда халқымыз ушын әҳмийетли болған мәселелерди ортаға қойып атыр[9].

Мәмлекетимиз инсан мәплери, ңуқуқ ҳәм еркинликлери жоқары қәдирят болған социаллық бағдарланған базар экономикасына тийкарланған ҳуқуқый демократиялық мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурыў жолынан раўажланып бармақта. Экономикамыздың түрли тараў ҳәм тармақлары ортасындағы сәйкесликтиң күшейиўи ҳәм де исенимли өсиў жағдайларының тәмийинлениўи нәтийжесинде халық дәраматлары, турмыс дәрежесиниң сезилерли дәрежеде өсиўи ертеңги күнге болған исенимиздиң кем-кемнен беккемленип барыўына жол ашпақта.

Усы жылдың «Беккем шаңарақ жылы» деп жәрияланыўы мүнәсибети менен ғ0әғ-жыл ушын белгиленген мақсетлерге ерисиў бойынша дәстүрий ис-илажларды әмелге асырыў, соның менен бириге, жәмийеттиң руўхый тийкарларын тағы да беккемлеўде шаңарақтың орны ҳәм тәсирин асырыў,

---

[9] Каримов И. А «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» Ташкент «Маънавият» 2008 ж.

ҳәр бир шаңарақтың финанслық параўанлығын асырыў арқалы халық параўанлығын жоқарылатыў мәселелерине айрықша итибар қаратылды[10].

Мәнис ҳәм әҳмийетине көре идея кең көлемли болған, Президентимиз Ислам Каримовтың «2012-жыл Ўатанымыз раўажланыўын жаңа басқысқа көтеретуғын жыл болады» темасындағы баянатын терең ҳәм ҳәр тәреплеме үйрениў, онда көрсетилген әҳмийетли мәселелердиң түп мәнисин аңлаў, 2011-жылда мәмлекетимизди социал-экономикалық раўажланыўдың ең тийкарғы әҳмийетли бағдарлары ҳәм оларды әмелге асырыў барысындағы күш ҳәм имканиятлар, имканиятлар, механизмлер ҳаққындағы билим ҳәм мағлыўматларды студент жаслар аңына терең сиңдириў арқалы олардың журтымыздағы өлкен өзгерислер ҳаққындағы түсиник ҳәм көнликпелерин кеңейтириў, сол өзгерислерге қатнасы бар туйғысын күшейтириў мақсетинде арнаўлы оқыў курсын пайда етиў үлкен әҳмийетке ийе.

ү0-жыллардың екинши ярымынан баслап ″Қарақалпақ дәстаны″ трилогиясы жәриялана баслады. Ҳәр бир әдебий шығарманы баҳалаўда ондағы халықлық идеяның ашып берилиўине әҳмийет берилиўи тийис.

Солай екен, Төлепберген Қайыпбергенов өз творчествосының соңғы жыллардың өзиниң «Қарақалпақ дәстаны» атлы тарийхый трилогиясын дөретиўге арнады. Тарийхый трилогия «Маман бий әпсанасы», «Бахытсызлар» ҳәм «Түсиниклер» атлы үш китаптан турады. :ш китап қарақалпақ халқының XVII ҳәм XIX әсирлердеги тарийхый тәғдирин көркемлик пенен сүўретлеўи арқалы халқымыздың өткендеги бир тутас еки әсирлик дерлик өмириниң көркем дәстанын дүзеди.

Роман рус, өзбек, қазақ, түркмен тиллерине аўдарылды. Бул дөретпени қарақалпақ әдебиятшы алымлары менен бирге өзбек илимпазы П.Шермухаммедов, орыс илимпазы Зоя Кедрина, Т.Дабыдова ҳәм басқалар изертледи. Роман үш китаптан ибарат (″Маман бий″ әпсанасы, ″Бахытсызлар″, ″Түсиниксизлер″). Трилогияда қарақалпақ халқының XVIII,

---

[10]. Каримов И «2012-жыл ўатанымыз раўажланыўын жаңа басқышқа көтеретуғын жыл болады» Т-2012 ж.

XIX әсирлердеги турмысы тарийхый фактлер тийкарында көркем тилде ашып берилген. Романның биринши китабында тийкарғы орайда XVIII әсирдеги қарақалпақ батыры Маман бийдий тарийхый ҳәрекети турады. әўңқ-жылы августта қарақалпақ елшилери Маман бийдиң басшылығында патша Россиясына қосылыў нийетинде Петербургқа барады. Романдағы барлық ўақыялар мине, усы тарийхый ҳақыйқатлық әтирапына қурылған. Романның сюжети жүдә көп планлы. Сюжеттиң тийкарғы жолы Маман бий әтирапында раўажланса, оның гейпара тараўлары Абылқайыр, Мурат шайық, Аманлық, Ырысқул бий, Есенгелди, Айқара бий басқалардың ҳәрекетлери менен тығыз байланыслы. Бирақ, олардың ҳәммеси Маман бий образының әтирапында болып өтеди. Трилогияның екинши китабы - ″Бахытсызлар″ романы. Романда Айдос бий, Есенгелди бий, Төремурат суўпы, Мухаммед Әмин хан, Мухаммед Рахим, Бегис, Мыржық, Қумар, Ырза, Төре, Ерназар, Күнхожа ҳәм тағы басқа тарийхта болған адамлар бар.

Романның үшинши китабы- ″Түсиниксизлер″ Ерназар алакөздиң өз халқының басшысы болып, Хийўа ханлығы зулымлығына қарсы алып барған гүреслерин сүўретлеўге арналған. Романда Ерназар алакөз, Ерназар кенегес, Бердақ шайыр, Зарлық, Жанқазы, Қарақум ийшан, Қумар ана, Сайыпназар, Гүлзийба, Теңел, Қәллибек, Генжемурат сыяқлы образлар берилген. Ерназар алакөз образы әдебиятымыз тарийхында Маман бий, Айдос баба servicesлерин даўам етиўши өз халқының ғәрезсизлиги ушын гүрес алып барған батыр тарийхый адам образы болып табылады.

″Маман бий әпсанасы″ роман трилогияның биринши китабы. Романда қарақалпақлар өмириниң Жаңадәрья бойындағы дәўири ҳәм Хорезмге көшип келиўи, бул жердеги дәслепки күнлери сүўретленеди. Жаңа дәрья бойында жасап атырған қарақалпақлар Қазақлардың киши жүзиниң ханы Абылқайырдың қол астында болады. Абылқайыр бақлаў ҳәм басқарыў ушын оларға Қайып деген кисини ярым хан етип қояды. Қарақалпақлар Абылқайырға көп салқыртлар төлеп азап көргеликтен урыўлардың басшы бийлери бул азаптан қутылыўдың жолларын излестире баслайды. Олар ҳәр

жаққа тарап кеткен қарақалпақларды бирлестирип күшли халық болыўды мақсет етеди.

"Бахытсызлар" романы трилогияның екинши китабы. Бунда қарақалпақ халқының XIX әсирдиң биринши ярымындағы өмири сүўретленеди. Роман сюжетиниң орайында халқымыздың тарийхындағы белгили адам-Айдос бий турады. Усы образды жасаў ушын жазыўшы Бердақтың "Айдос баба" шығармасындағы Айдос образын ҳәм тарийхый шынлықты басшылыққа алады. Айдос бий Хийўа ханлығына сүйенип қарақалпақ ханлықын дүзбекши болады. Ол өз мақсетин әмелге асырыў ушын Хийўа ханлығына барынша жаранады. Бирақ Қоңырат қаласының ҳәкими Төремурат суўпы Хийўа ханлығынан ғәрезсиз Қоңырат ҳәкимлигин дүзиўге ҳәрекет етеди. Елдиң ишинде еки басшы ортасында қарама-қарсылық шығады. Айдостың еки иниси Бегис пенен Мыржық Төремурат суўпы тәрепине өтеди. Хийўадан хан келип Айдосты қоллаған болып Төремурат суўпы ләшкерлерине қарсы урыслар жүргизеди. Усы урыста Айдос инилери Бегис пенен Мыржықты өлтиреди. Айдос буннан кейинде қарақалпақ бийлерин бириктирип ғәрезсиз мәмлекет дүзбекши болады. Бирақ бийлер бирикпейди. Бул Айдостың өлиўине алып келеди.

Романның бас қаҳарманлары Айдос бий, Төремурат суўпы, Бегис, Мыржық, Қумар ана тағы басқалар Айдос ойшыл, өз халқының тәғдирин тереңнен ойлай алатуғын адам. Ол өзинен бир әўлад бурын жасаған Маманбийдиң ("Маман бий әпсанасы" романның бас қаҳарманы) Россияға қосылып ғәрезсиз мәмлекет дүзиў ҳаққындағы идеясы әмелге аспағаннан кейин Хийўа ханлығына сүйенип ғәрезсиз қарақалпақ мәмлекетин дүзбекши болды. Бирақ хан оны алдайды. Ол қала салыў, егин егиў мәдениятын раўажландырады. "Мириўбет күни" деген бир-биреўге ғамхорлық көрсететуғын күнди ойлап шығарды. Буннан басқа да көп ғана жақсы ислерди әмелге асырады. Бирақ халықты изине толық ертиў, аўызбиршиликти барынша беккемлеўдиң саррас жолын таба алмағанлықтан ол басқарған халық көтерилиси жеңилиске ушырайды.

Романдағы Бегис ҳәм Мыржық образлары мазмуны бойынша бири-бирине жақын. Екеўи де Айдос бийдиң туўысқан инилери. Екеўиде аңқаў ҳәм өжет. Қоңырат бийи Төремурат суўпының сөзине ерип өзиниң туўысқан ағасы Айдосқа қарсы шығады ҳәм оның қолынан өледи.

Төремурат суўпы сум, ҳийлекер ҳәм такабыр адамның образы. Ол Қоңырат ханлығын дүзиў арқалы өзиниң қолында халық бийлигин услап турғысы келеди. Ол бул мақсетин әмелге асырыў ушын сумлық ҳәм ҳийлени иске салады. Бегисти өзиниң өскерлерине басшы етип қояды ҳәм бул арқалы туўысқан ағасы Айдос пенен оны аразластырады. Бирақ Бегис өлгенде оның өлимине қыйланбайды. Орнына Айтмурат қызыл бетти ап-аңсат әскер басы етип тайынлайды. Қарақалпақ қызларын қорасан байларына атларға аўмастырады. Бирақ бәрибир Қоңырат ханлығын дүзиў жөниндеги мақсетине ерисе алмайды. Тек Айдостың ғәрезсиз қарақалпақ мәмлекетин дүзиў ҳаққындағы идеясына қарсы шыққаны қалады.

Қумар ана образы – жазыўшының үлкен табысы. Ол ақыллы, уқыплы ҳаял, атақлы Есенгелди меңремниң қызы. Қайнағасы менен күйеўи Мыржықтың арасында, Төремурат суўпы менен Айдостың арасындағы ала аўызлықлардың алдын алыўға ҳәрекет етеди. Ҳәммесин де өз орны менен сыйлайды. Өзиниң ҳаяллық ар-намысын ҳәмме жерде де қорғай алады.

″Түсиниксизлер″ романы. Трилогиясының үшинши китабы. Бул роман тийкарынан аты тарийхта әпсана болған адам Ерназар алакөздиң әмирин ҳәм ол жасаған дәўирдеги қарақалпақ халқының тарийхын сүўретлеўге арналған. Романда Ерназардың жигитлик дәўиринен баслап, халық көтерилисиниң басшысы болып, көтерилисшилер ыдырап, жеңилиске ушырап, Ерназардың өлимге гириптар болыўына шекемги жүдә көп жыллық ўақыя сүўретленеди. Ерназар алакөз бул-″Бахытсызлар″ романындағы Айдостың иниси Мыржық пенен келини қумардан туўылған бала. Ол жасынан-ақ ақыллы, сөзге шешен, палўан ҳәм батыр жигит болып өседи. Гүреслерге түсип жеңислерге ериседи. Усындай фазыйлетлери нәтийжесинде бийлик әмелине ериседи. Бирақ Ерназар бий бийлик әмелин Маман бий

менен Айдос баба идеялық тийкарын салған қарақалпақ ханлығын дүзиў ушын пайдаланады ҳәм рус патшалығынан жәрдем сорамақшы болады. Ерназар алакөз бул әрманына ериседи. Қарақалпақ ханлығын дүзеди. Зарлық төрени хан етип сайлап өзи бас ўәзир болады. Хийўа ханлығы бул жас ханлыққа қарсы әскерий ҳүжим етеди. Гүресте жас ханлық жеңиледи. Ол илим билим үйренсин деп бирқатар қарақалпақ балаларын (Теңел, Қәллибек) Россияға жибереди.

Романның баслы қаҳарманларының бири Қарақум ийшан (Түркий ахун) ҳәрекети ″Бахытсызлар″ романында баслансада, ″Түсиниксизлер″ романында жүдә айқынласады. Ол жәдигөй ҳәм еки жүзли адам. Керек жеринде урылар менен де шерик болып кете береди. Ол Ерназарды бир неше мәртебе алдайды. Оның тийкарғы мақсети Хийўа ханлығы арқалы исламның үстемлигин сақлаў. Хийўа ханлығы қурамында ҳәм қарақалпақлар арасында руслардың тәсирин өткермеў[11].

Романда Зарлық төре, Жанқазы төре, Михайлов, Теңел ҳәм Қәлибек образлары. Басқа да образлар сәтли жасалған.

Халқымыздың өз ғәресизлигине ерисиўи менен миллий мәдений руўхый мийрасларымызға, миллий қәдириятларымызға үлкен кеўил аўдарылмақта. Тарийхымызды, руўхый ҳәм мәдений мийрасларымызды үйрениўимизге мүмкиншиликлер туўылды[12].

Усындай руўхый мәдений мийрасларымыздан бири Қарақалпақ шайыры Төлепберген Қайыпбергеновтың болып табылады.

Төлепберген Қайыпбергеновтың бундай терең мәнили ҳикметлери инсанды бәрҳулла ақыл-ой, әдалат ҳәм жоқары мәнаўият тийкарында жасаўға шақырыўы менен итибарлы болып табылады.

Ең баслысы бул гүреслер турмыстан, қаҳарманлардың көз алдында емес, ал олардың өзинде, санасында, ишки руўхый дүньясында болып өтеди. Повестьлерде қаҳраманлардың ишки раўажланыў процесслерин, биринши

[11] Төлепберген Қайыпбергенов «Қарақалпақ дәстаны» триологиясы Нөкис 1960 ж.
[12] Каримов И. А «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» Т-2008 ж.

нәўбетте, изертлеўдиң, олардың психологиялық бағдар алыўының себеби усында.

Жазыўшының шеберлиги бул шығармаларда биринши нәўбетте турмыстағы изи еле өшпеген урыс ақыбетлериниң бизиң адамларымыз санасында жаңғыраўдың көркем түсиникли тил ҳәм сүўретлеў қуралларының жәрдеми менен оқыўшыға жеткере алыўында. Оларда ўақыялар, ойлар избе-излиги, гүрриң формасында раўажланып отырады. Олардағы гәплер ҳәм сөз тиркелислери әпиўайы және түсиниўге жақынлығы менен айырылып турады. Ал сүўретлеў қураллары ҳәм айтылажақ ойдың және сүўретленежақ объекттиң ықшамлығын, сулыўлығын тәмийнлеп турады. Шығармаларда сондай ақ бас қаҳарман образын толықтырып, тереңлестирип бериўге, хызмет етиўши адамлар, көплик көрнислер сәтли пайдаланылған.

Бирақ повестьлерде лиризм еледе болса жетисиңкиремейди. Соның себебинен гейпара орынларда ўақыялардың, ой-пикирлердиң сәўлелениўи қаҳарман жүрегинде сезиниў емес, ал баянлаў сыпатында берилип кетеди. Лирик қаҳраман өзиниң жеке қайғы-машқаласының шеңберинде көп айланып жүриўиниң салдарынан дәўирдиң баслы идеяларының, күнделикли жанлы турмыстың оның санасынан жетерли орын алмаўы байқалады. Буны «Сууық тамшы» повестинен көремиз. Улыўма алғанда бул повестьлер бизиң ҳәзирги прозамыздағы унамлы факт. Олар өзиниң машқалаларының ҳаққыйқатлығы менен баҳалы. Шығармалар оқыўшыларымыздың жүрегинде терең ўатан сүйиўшилик ҳәм урысқа жек көриўшилик сезимлерин оятады, оларды адамды ҳәм мийнетти сүйиўге ҳадалыққа ҳәм жигерликке шақырады. Олардың идеялық тәсир етиў күши, тәрбиялық әҳмийети усында.

## II. Бап. Төлепберген Қайыпбергеновтың шығармаларының жасларды руўхый тәрбиялаўдағы әҳмийети

Төлепберген Қайыпбергеновтың «Секретарь» атлы биринши повести 1956-жылы «Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы» журналында жәрияланды. 1958-жылы айырым китап болып басылды.

Повесть Уллы Ўатандарлық урыс жылларындағы аўыл турмысын суўретлеўге арналады. Фронтқа атланған колхоз азаматларының орнына мийнет вахтасына турған жас өспирим мектеп оқыўшыларының образы шығармада орайлық орынды ийелейди. Ел басына түскен қатал жағдай олардың психологиясына терең ҳәм шешиўши тәсир жасайды. Бурынғы балаларға тән бийпайдалық, ойыпазлық, ушқыр минезлилик енди сабырлылық, жеңисти тезлетиў ушын колхозға жәрдемлесиў сезими менен алмасады. Коллективлик мийнет балалардың санасынында жақсы белгилерди қәлиплестиреди.

Булар мийнет сүйгишлик, принципиальлық бир-биреўге жолдаслық қатнас ҳәм ғамқорлық жәмийет мәпин, ўатанға деген садықлылықты ҳәмме нәрседен жоқары санаўшылық балалардың санасын тәрбиялаўда шөлкемниң баслығы Досжанның, мектеп директоры Тәженниң, Атамураттың апасы Оразгүлдиң, дийхан Темирхан атаның хызметлери уллы. Олар ҳәр бир исте дурыс жол силтеп отырады, ақылландырып турады ҳәм өз ислери, минез қулқы менен үлги болады. Шығармада ўақыялар реаль тийкарда яғный урыс жылларын бастан кеширип атырған мийнеткешлердиң турмысынын фондында раўажланып отырады. Қахраманлардың образлары, повестьтиң идеясы усы турмыстан туўған машқалалардың соқлығыўында избе-из ашылады. Шығарма идеясының ашылыўы сондай-ақ ишки сезимлердиң гүреси арқалы да иске асырылады.  Шығарма мазмунының турмысқа жақынлығы, түсиниклилиги, идеясының анықлығы менен күшли.

Шайырдың дүньяға көз қарасы тек бир түсиник ғана емес, ал ҳәр қыйлы эстетик қураллар жәрдеминде жанлы рәўиште берилген. Бунда Төлепберген Қайыпбергеновтың өтмиш тәжрийбелерине, ондағы түрли тарийхый адамларға көз жуўыртқанлығы сөзсиз. Шынында да жоқары руўхый философиялық лириканың шебери. Ол өмирдиң мәнисин оғада жоқары руўхый жақтан терең түсинген.

Төлепберген Қайыпбергеновтың «Муғаллимге рахмет» атлы екинши повести де балалар турмысын сүўретлеўге бағышланды. Онда

республикамызда аўыл хожалығын коллективлестириў жылларында жүз берген ўақыялар сүўретленеди. Онда көплеген тәрбиялық образлар сәўлеленген болып, бунда бирлик, Ўатанға муҳаббат, қаҳарманлық гүрес, парахатшылық ҳәм басқада жоқары руўхый идеялар сәўлеленген.

Солай екен, жоқары руўхыйлық системасы халқымыздың бир неше әўладлары узақ әсирлер даўамында дөретип келген барлық бай руўхый ҳәм мәдений мийрасларын өзине тийкар етип алыўы арқалы қәлиплеседи. Алыстағы қарақалпақ аўылларының бирине дәслепки муғаллимниң келиўи, оның аўыл балаларын жыйнап мектеп ашыўы, оларға билим бериўи, жас өспиримлердиң сана-сезимлерин мектеп ҳәм муғаллимниң тәсири нәтийжесинде қәлиплесиўи, ҳәм оларға балалардың қатнасы повестьтиң тийкарғы мазмунын қурайды.

Шығармада жигирмаланшы жыллардың ақырындағы қарақалпақ аўылы өзиниң ҳәр тәреплеме сәўлелениўин тапқан. Ўатан сүйиўшилик, әдеплилик сезимлерин қәлиплестиреди. Усылай етип, шығарманың барлық мазмуны, ўақыялардың желиси, қаҳраманлардың ҳәрекетлери «Муғаллимге рахмет» деген сөзлердиң бойына синген идеясын тастыйқлап турады.

Шайырдың ҳәммеге өрнек болатуғын шығармалары ертеңги күнниң келешеги болған руўхый дүньясы бай кәмил инсанды тәрбиялаўға хизмет етеди.

Төлепберген Қайыпбергеновтың қосық ҳәм шығармаларын оқып отырып, кәмил инсанның төркини терең ақыл-ой ҳәм саналылықтан ибарат екенлигин көрсетеди. Оның қосық ҳәм шығармаларын оқый отырып туўылып өскен жерге мухаббат, ўатан сезими ҳәм өз халқының бахытлы турмыс кешириўи барлық ўақытта шайыр жүрегинде сақланғанлығын көремиз.

Шайырдың ҳәммеге өрнек болатуғын шығармалары ертеңги күнниң келешеги болған руўхый дүньясы бай кәмил инсанды тәрбиялаўға хизмет етеди. Ол халқымыздың санасы ҳәм ой-пикири, көркем мәденияты тарийхында пүткил бир дәўирди қурайтуғын уллы шахс, миллий

әдебиятымыздың теңсиз ўәкили, миллетимиз мақтанышы, даңқ-абрайын дүньяға таныткан өлмес сөз дөретиўшиси болып табылады.

Жазыўшының көпшилик повестьлери көркемлик дәрежесиниң айтарлықтай жоқарылығы менен автордың шеберлигиниң әдеўир жетискенлигин дәлийллейди. Бул бәриненде бурын шығармалардың формасының ҳәм тилиниң балалардың оқыўына, түсиниўине қолайласқанлығы.

Оның өшпес даналығына ҳүрмет, оның бай илимий мийрасын үйрениўге болған қызығыўшылық сырт еллерде де күшейгенлиги бизди қуўандырады. Төлепберген Қайыпбергеновтың дөретиўшилиги менен тек дәрья аралығындағы халықларды ғана емес, ал, пүткил инсаният перзентлерин мудамы меҳир-мүриўбетли, дос-туўысқан болып жасаўға шақыратуғын бир қанша мийнетлери бар.

Еки повестте шағын қәлемге ийе, ўақыялар, қаҳарманлар ҳаққында қызықлы сөз етеди, жеңил оқылады. Сюжетлик линия избе-из раўажланып, кем-кемнен тереңлесип барады. Автордың таңлап алған машқалалары өзлериниң турмыслық характери, адам минезине шешиўши өзгерис киргизиўге ылайық өткирлиги менен айрықшалық етеди.

Мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған экономикалық реформалардың тийкарғы усылларының бири сыпатында Өзбекстан Республикасы президенти Ислам Каримов тәрепинен тереңнен тийкарланып берилген күшли социаллық сиясат халықтың жалпы дәраматларының өсиўи ушын зәрүр шәраят жаратады.

2012-жылдың 19-январында Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2011-жылдң тийкарғы жуўмақлары ҳәм 2012-жылда Өзбекистанды социаль-экономикалық раўажландырыўдың әҳмийетли ўазыйпаларына бағышланған мәжлисинде Президентимиз Ислам Каримов «ғ0әғ-жыл Ўатанымыз раўажланыўын жаңа басқышқа көтеретуғын жыл болады» атамасындағы баянатында билимлендириў тараўын раўажландырыў бойынша әмелге асырылған жумысларға айрықша тоқтады.

Өткен жыллар даўамында елимизде улыўма орта билимлендириўден баслап орта арнаўлы, кәсип-өнер ҳәм жоқары билимлендириўге шекемги болған салаларда терең билим ҳәм пуқта кәсип-өнер таярлыгына ийе болған жас әўладты тәрбиялаў процессин өз ишине қамтыған бирден-бир үзликсиз билимлендириў системасын қәлиплестириў жумыслары басқышпа-басқыш даўам еттирилди[13].

Ҳақыйқатында да, мәмлекетимиз өз ғәрезсизлигин қолға киргизгеннен кейинги ғ0 жыл ишинде халқымыз өзиниң мәрт ҳәм данышпан басшысы басламасы менен әсирлерге тең үлкен ислерди әмелге асырды. Мәмлекетимизде сиясий, экономикалық, социаллық турмыс ҳәм миллий руўҳыйлық тараўларында түпкиликли реформалар нәтийжесинде елимизде абат ҳәм еркин пәрәўан турмыс тийкарлары жаратылды.

Мәмлекетимизде билимлендириў системасын раўажландырыўға қаратылған оның норматив-ҳуқықый негизлери төмендеги ҳүжжетлерде белгилеп берилди ҳәм олардың базасында ең әҳмийетли бағдар ҳәм нәтийжелердиң орынланыўы тәмийинленди.

Ғәрезсиз мәмлекетимиздиң басшылары, ең дәслепки жумысын билимлендириў тараўындағы мәмлекетлик сиясаттың ҳуқықый негизлерин жаратыўдан баслады. Бурынғы Аўқам қурамыяна кирген республикалардың ишинде бириншилерден болып, Өзбекистан Республикасының Олий Кенгаши 1992-жыл 2-июльде «Билимлендириў ҳаққында»ғы Нызамын тастыйықлады. Бул бағдарлама ҳүжжетте билимлендириў тараўындағы мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы принциплери, билимлендириў системасы, оның басқарыў қурамы, педагог хызметкерлердиң ҳуқықлары, ўазыйпа ҳәм миннетлери анық белгилеп берилди. Сонлықтан да, бул әҳмийетли мәмлекетлик ҳүжжеттиң қабыл етилиўи билимлендириў тараўында әмелге асырылатуғын барлық реформалардың басламасы ҳәм ҳуқықый кепиллиги еди

[13] Каримов И «2012-жыл ўатанымыз раўажланыўын жаңа басқышқа көтеретуғын жыл болады» Т-2012 ж.

Билимлендириў ҳаққындағы нызам (1992-жыл 2-июль). Ғәрезсиз мәмлекетимиздиң басшылары, ең дәслепки жумысын билимлендириў тараўындағы мәмлекетлик сиясаттың ҳуқықый негизлерин жаратыўдан баслады. Бурынғы Аўқам қурамына кирген республикалардың ишинде биринshилерден болып, Өзбекистан Республикасының Олий Кенгаши ә99ғ-жыл 2-июльде «Билимлендириў ҳаққында»ғы Нызамын тастыйықлады. Бул бағдарлама ҳүжжетте билимлендириў тараўындағы мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы принциплери, билимлендириў системасы, оның басқарыў қурамы, педагог хызметкерлердиң ҳуқықлары, ўазыйпа ҳәм миннетлери анық белгилеп берилди. Сонлықтан да, бул әҳмийетли мәмлекетлик ҳүжжеттиң қабыл етилиўи билимлендириў тараўында әмелге асырылатуғын барлық реформалардың басламасы ҳәм ҳуқықый кепиллиги еди.

Өзбекистан Республикасының Конституциясы (1992-жыл 8-декабрь). Тийкарғы нызамымыз Өзбекситан халқының тилек-мақсетинен келип шығып, миллий ҳәм улыўма инсаныйлық қәдриятларды бирлестирген ҳалда, жаслар санасына сиңдириўдың ҳуқықый негизлерин өзинде сәўлелендирген. Конституция барлық пуқаралар сыяқлы жаслардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдиң кепилликлерин де өзинде сәўлелендиреди. Сондай-ақ, оның 41-стаьтясында: «ҳәр бир адам  билим алыў ҳуқықына ийе. Бийпул улыўма билим алыўға мәмлекет тәрепинен кепиллик бериледи. Мектеп иси мәмлекеттиң бақлаўында болады». 45-статьясында «Жас өспиримлердиң, мийнетке жарамсыз ҳәм жалғыз баслы қартайған адамлардың ҳуқықлары мәмлекет тәрепинен қорғалады». 66-статьясында «Ержеткен, мийнетке жарамлы балалар өзлериниң ата-аналарына ғамхорлық көрсетиўге миннетли[14], деп белгилеп қойылғаны да пикиримиздиң дәлийли бола алады.

Дурысында да, Өзбекистан Республикасы бийғәрез, ҳуқықый демократиялық,  инсаныйлық принциплерине тийкарларған, миллети, дини,

[14] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси.-Т. Ўзбекистон, 2010. 9-10,13,31-32-б.

социаллық жағдайы, сиясий исенимине қарамастан, пуқаралардың хуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеп беретуғын мәмлекет.

Сондай-ақ, Президентимиздиң 1993-жыл 29-декабрдеги пәрманына муўапық, октябрь айының биринши Екшембисинде халық билимлендириў хызметкерлери күни (көсиплик байрам сыпатында) белгиленди. 1996-жыл 9-сентябрьде «Руўҳый ҳәм ағартыўшылық жәмийетшилик орайы жумысын жәнеде жетилистириў ҳәм нәтийжелилигин асырыў ҳаққында»ғы Пәрманы да жас әўладты уллы дәстүрлеримизге садықлық ҳәм жарқын келешек ийелери екенлигине беккем исеним руўҳында тәрбиялаў маәсетинде 1997-жылдан баслап, 1-октябрь «Муғаллимлер ҳәм устазлар күни»-улыўмахалықлық байрамы ҳәм дем алыс күни деп жәрияланды.

Төлепберген Қайыпбергенов «Қарақалпақ дәстаны" трилогиясынан кейин "Көздиң қарашығы" романын, "Қарақалпақнама" роман-эссесин жазды.

Жазыўшының "Көздиң қарашығы" романы тарийхымызда "тубалаў-шылық жыллары" деп аталған дәўир шынлығынан алынған. Романның баслы қаҳарманлары Дәўлетов ҳәм Сержановлар. Дәўлетов совхоздың жаңа директоы, ал Сержанов болса ески директоры. Романда сол жыллары орын алған қосып жазыўлар, әмелди ийелеў ушын хәр қандай жинаяткa қол урыў, жарамсақланыў сықлы иллетлер, экология машқалалары сөз етиледи.

"Қарақалпақнама" роман-эссеси бүгинги әдебияттың жоқары көркемлик ҳәм идеялық талабынан туўған. Автор романда мифлерди, әпсаналарды, лигендаларды, дидактикалық пикирлерди эволюциялық жол менен турмыслық материалларға араластырып сүўретлейди.

Бул шығарма өзине тән  өзгешеликке ийе. Биринщиден, автордың жеке творчестволық эволюциясы менен бирге республикамыздағы көркем ойдың өсиўин береди, екиншиден, миллий фольклорлық материалларды пайдаланыўы бул романның өине тән ҳәм миллий өзгешелигин көрсететуғын баслы факторлардың бири болып есапланады. Автор өзиниң жеке өмирине,

дөретпесине, өзи өскен жәмийетлик өмирге тән мемуарлық элементлерди де шығармаға орынлы киргизген.

## 2.1 Төлепберген Қайыпбергеновтың қосық хәм шығармаларының миллий ғәрезсизликти беккемлеўдеги хәм миллий раўажланыўдағы әхмийети.

Төлепберген Қайыпбергеновтың жоқарыда аты аталған дөретпелери тек ғана қарақалпақ прозасында ғана емес, ал, пүткил түркий әдебий-эстетикалық ой дүньясында үлкен жаңалық болды. Бул шығармалар миллий-эпикалық хәм ХХ әсир реалистлик прозасының дәстүрлериниң принциплерин бир-бирине синтезлестирип, оларды хәзирги шешилиўи тийис проблемалардың көркем жылнамасын дүзиўге хызмет еттириўге деген жазышының умтылысынан дөреген. Ал, бул шығармаға М.Қашқарий атындағы жер жүзилик сыйлықтың берилиўи ғәрезсизлик жылларындағы қарақалпақ прозасында үлкен ўақыя болды.

Ғәрезсизлик жылларында да Төлепберген Қайыпбергенов әдебиятымызды өзиниң көркем форма, жанр хәм стиль саласындағы изленислери менен байытты. Бунbackup мысалы сыпатында оның «О дүньяға атама хатлар» роман эссесин келтириўге болады. Бул дөретпе тиккелей Арал трагедиясына арналып, ол өзбек, француз тиллерине аўдарылды, усы арқалы пүткил регионға қәўип салған апатшылық хаққында жер жүзи халықларына мәлимлеўде үлкен хызмет етеди.

Буннан кейин жазыўшы «О дүньядағы атама хатлар», «Түркийнама», «Қарақалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы», «Қәлбимниң қамусы» «Қарақалпақпан, тәўекелшимен» шығармаларын дөретти. Бул шығармалар өзиниң жанрлық-формалық, идеялық-тематикалық бағдарлары бойынша жаңалық болып қалмастан қарақалпақ әдебиятының усы жыллардағы жетискенликлери болды.

«О дүньядағы атама хатлар» дөретпесинде жазыўшы оригиналь көркем форманы таңлайды-Арал трагедиясының акыбетлери ҳаққында автордыңқайғылы гүррицин бул дүньядағы тири, жер басып жүрген адамлар тыңламағанлықтан, о дүньядағы атасына муражат етиўге мәжбүр болады. Демек, бизиң заманласымыз – жазыўшы менен оның марҳум атасы арасындағы сәубет дәуирдиң, тоталитар жәмийттиң адамлар басына салған трагедиялық ақыбетлерин сәўретлеўге хызмет етеди. Бул нәрсе авторлық идеяны оқыўшыға дәл ҳәм ашшы ҳақыйқатлығы менен қоса жеткериўде үлкен әҳмийетке ийе.

Бул шығармалар Төлепберген Қайыпбергеновтың көз-карасларындағы кеңлик ҳәм жүреклиликти, еркин пикирли адам екенлигин, руўхый философиялық көз-қарасын, ири жоқары руўхый философиялық ақыл ийеси болғанлығын ашықтан-ашық көрсетеди. Жазыўшы өзиниң тарийхый шығармаларында өмир шынлығын сәўлелендириўде дүнья әдебиятында қәлиплескен тарийхый жанрдың дәстүрине сүйенеди.

Төлепберген Қайыпбергеновтың дөретиўшилиги биз ушын қәншелли қәдирли екенлигин келеси әўладқа түсиндирип барыўға, оның шығармаларының әҳмийетли тәреплерин көрсетиў ең әдиўли ўазыйпамыз саналады. Тарийхый жанр XIX әсирде көплеген белгиле жазыўшылардың творчествосында қәлиплескен ҳәм раўажланған еди. Бул жазыўшылардың тарийхый шығармаларының тийкарына тарийхый ўақыя ҳәм тарийхый адам ҳәрекети алынады.

Және де бул бул жазыўшылардың тарийхый адам хәрекети менен бирге олардың көркемлик мазмунын жетилистириў мақсетинде жазыўшының қыялынан дөретилген ўақыялар ҳәм қаҳарманларда сүўретленилди.

Солай етип, бул жазыўшы тарийхый факт пенен көркем ойдан дөреген фактларды керегинше бириктириў арқалы өзлериниң дүнья әдебиятының тарийхынан белгили орын ийелеген тарийхый шығармаларын дөреткен еди.

Солай екен, адамлардың санасында ғәрезсизлик, руўхый ҳәм мәдений қәдирятларды раўажландырыў, халықтың миллий руўхын оятыў ҳәм тиклеў жәмийеттиң турақлы раўажланыўының әҳмийетли шәрти болып есапланады. Президентимиз И. Каримов өзиниң «Өзбекстан XXI әсир босағасында» деген мийнетинде «Ҳәр қандай жәмийет руўхый имканиятларын, адамлар санасында руўхый ҳәм мәдений» Жоқары руўхыйлықты халқымыздың миллий мәдений-руўхый мийрасларының ҳәм басқа халықлардығы әсирлер даўамында дөретилип, өмир сынақларынан өтип топланған улыўма инсанийлық мәдений қәдириятлары менен байытылып барылыўы үлкен әҳмийетке ийе деген еди.[15]

Көп миллетли қарақалпақ әдебиятындағы тарийхый шығармалардың шеберлериде әдебий шығарманың бул түрлериниң жәмийетлик ролине айырықша дыққат аўдарды. Көп миллетли Ўатанымыздың өткен дәўирлериндеги бүгинги адамын ўатан сүйиўшилигин ҳәм қаҳарманлық, алға илгерлеўшилик идеяларға тәрбиялаўға хызмет ететуғын тарийхый ўақыялар менен тарийхый адамлар ҳәрекетин сүўретлеўге дыққат аўдарды.

Төлепберген Қайыпбергеновта дүнья ҳәм тарийхый шығармаларының усы тарийхый ўақыяны ҳәм тарийхый адам хәрекетин сәўлелендириў дәстүрин даўам етти.

Әлбетте ҳәр бир көркем шығарма бул жаңа әдебий қубылыс. Сонлықтан онда әдебият тарийхында қәлиплескен дәстүрге автордың жаңа, өзинше дара дөретиўшилик қатнасы сәўлеленеди. Тарийхый романның қәлиплескен дәстүрине Төлепберген Қайыпбергеновта жаңа, өзинше дара дөретиҳшилик қатнас жасады. Сонлықтанда оның тарийхый романлары пайда болыўдан ақ жергиликли әдебий-көркем критиканың, жәмийетлик ойдың дыққатын өзине тез аўдарады. Өзбек ҳәм рус тиллерине аўдарылды. Орайлық журналарда басылды. Өзбек ҳәм рус әдебий көркем критикасынан жақсы баҳалар алыўға, үлкен изертлеў жумысларының дыққатына түсиўге миясар болды.

---

[15] Каримов И. А «Өзбекстан XXI әсир босағасында» Ташкент 1997 ж.

Дүнья әдебиятында өмир шынлығын жүдә кең жобалы, адамлар тәғдирин шынлық пенен сүўретлеп беретуғын жүдә қыйын ҳәм қурамалы жанр-эпопеяның туўылыўы тарийхый романның раўажланыўы менен байланыслы еди.

Төлепберген Қайыпбергеновта өмирдиң тарийхый шынлығын тарийхый адамлар тарийхы менен байланыстырып, халқымыздың XVIII-XIX әсирлердеги барлық қатламлардың тәғдирин, қоңсы халықлардың гейпара группалардың тәғдири менен байланыстырып, өмир шынлығын мейлинше кең эпикалық түрде сүўретлениўде эпопея жанрының дәстүрин даўам етти ҳәм ол биринши қарақалпақ эпопеясының дөретиўшиси болды.

Эпопеяның тилинде тарийхый шығарма лексикасына сол дәўирдиң жер, суў, қала, естелик атларын қолланыўлар ушырасады. Қаҳраманлардың диалогларында, монологларында нәсият айтыў, пикирлердиң дидактикалылығы, оформзм ойлары күшли. Тарийхый дәўир адамның ойы, ҳәрекети, қыймылы, сыртқы көрнислери әдеўир шебер берилген.

Соның менен бирге, тутас алғанда эпопеяда майда оқыўшылардың есинде қалмайтуғын көрнислердиң көплиги, бир қатар ханлардың, бийлердиң көркем сүўретиниң жетилиспеўи, биринши китаптағы бир топар жетимлердиң тәғдириниң тийкарғы, көрнис пенен байланыссызлығы, шығарма сүўретленген тарийхый дәўир шынлығы ишине киретуғын, XVII-XIX әсирлердеги қарақалпақ халқының руўхый ағартыўшылық жәмийетлик ойының орайында турған Жийен жыраў, Күнхожа, Әжинияз ҳәм Бердақлардың жетилискен образларының жасалмаўы, халықтың үрип-әдетине миллий дәстүрине тийисли элементлердиң жүдә азлығы булл үлкен тарийхый шығарманың тийкарғы кемшиликлери болып есапланады.

Солай болса да, Төлепберген Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» ири көркем шығармасы қарақалпақ прозасының ең үлкен табысы. Ол бизиң әдебиятымыздағы тарийхый жанрдың қәлиплесиўин өмир шынлығын жүдә кең планда халық тәғдирин тутас көрсетип сүўретлеў тәжрийбесин алып келеди.

Төлепберген Қайыпбергеновтың қарақалпақ прозасының раўажланыўына онда әсиресе роман жанрының көп түрликтиң қәлиплесиўине, тарийхый романның миллий тәжрийбесиниң топланыўына, қаҳраман көрнисин шынлық пенен жасаў тәжрийбесисиниң байыўына, тутас халықтың әсирлер бойы тәқдирин кең түрде сүўретлеў усылында пайда болыўына үлкен үлес қосқан, қарақалпақ прозасын пүткил елимизге танытқан дөретиўшилик ийеси. Оның творчествосы ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ әдебиятында өшпес изге ийе дөретиўшилик.

Арал теңизиниң адамлардың көзиниң алдында қурып кетиўи, жазыўшыны қатты қәўетерлендиреди. Арал теңизиниң сақлап қалыў мәселелери бойынша бир-неше рет толғаўлы сөзлер менен менберлерде сөйлеп шықты.

Кейинги жылларда жазыўшының «Я каракалпак, я рескую», «Книга моей души» китабында жазыўшы өмир бойы бақлаўларын жасларға үйретеди. Бул мийнетлери де бүгинги күнде де жасларды ўатанға садық руўхында тәрбиялаўға хизмет етеди. Бул өлмес естеликке нәзер таслай отырып, ең басынан буған қандай руўхый, адамгершиликли, жоқары руўхый идеялар жәмленгенин көремиз.

Ҳәр қандай халықтың руўхый ағартыўшылық көз-қарасларының өзгешелиги пүткил жәмийетлик ҳәм руўхый турмыстың әҳмийетли мәселелерин кеңнен сәўлелендирген. Бул шығармадағы тийкарғы унамлы қаҳарманлар адамдағы тәбий ҳәм руўхый жетилисиўиниң бирлиги сыпатында гөззаллық ҳаққындағы түсиникти әдеўир толық сәўлелендирди.

Солай екен Ғәрезсизлик идеологиясының алдынғы идеялары тийкарында ҳәр бир әўлад дүньға өз сөзин айтады, тарийхымыз китабында өзиниң даңқлы бетин жаратады.

Бул идеология еркин пухаралық жәмийети, абадан турмыс қурыўға қарар еткен, булл жолда тезлик пенен алға баратырған халық идеологиясы.

Ол өмиршең күш, жақсылығы менен жәмийеттиң барлық қатламларының қәлби ҳәм санасына тәсир етеди[16].

Онда тарийхый, жоқары руўхый философияның әдеп-икрамлылық ҳәм сиясат, социология мәселелери ушырасады. Мәмлекеттеги тәртиплер, лаўазым, үрп-әдетлер, ҳуқықый, руўхый әдеп-икрамлылық, адамлар арасындағы жоқары руўхыйлық мәселелерине тоқтап өтиледи.

Әлбетте, ҳәр қандай халық яки миллеттиң мәнаўиятын, оның тарийхы, өзине тән үрп-әдет ҳәм дәстүрлери, турмыслық қәдириятларынан айрып көз алдымызға келтирип болмайды. Бунда руўхый ҳәм мәдений мийрас, мәдений байлықлар, әййемги тарийхый естеликлер әҳмийетли факторлардан бири болып хизмет ететуғынлығы тәбий.

Солай екен Президентимиз И. Каримов өзиниң «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» атлы мийнетинде «Миллий идея дегенде, бабаларымыздан әўладларға өтип, әсирлер даўамында қәстерлеп киятырған, усы журтта жасайтуғын ҳәр бир инсан ҳәм пүткил халықтың жүрегинде тереңтамыр атып, оның руўхый зәрүрликлери турмыс талабына айланып кеткен, егер сөзимиз орынлы болса, ҳәр қандай миллеттиң ең ийгликли арзыў-умытылыслары ҳәм үмит-мақсетлерин көз алдымызға келтиретуғын болсақ, бундай кең мағаналы түсиниктиң мазмун-мәнисин сәўлелендирген боламыз» деген еди.[17] Өзиниң өмирин, алдына қойған мақсетлерин анық сезе алатуғын, өз келешеги ҳаққында қайғыратуғын миллет ҳәш бир дәўирде миллий идея ҳәм идеологиясыз жасамаған, жасай алмайды да. Идеология болмаса ҳеш қандай мәмлекет ҳәм жәмийет қала берсе, ҳәр қандай инсан өз бағдарын жоғалтыўы анық.

Миллий идеология халықтың мақсет нийетлерин белгилейди, тарийх сынаўларынан өтиўде оның руўхын көтерип, сүйениш ҳәм таяныш болады, усы миллет, усы жәмийет дуўшакер келетуғын көплеген турмыслық ҳәм руўхый машқалаларға жуўап излейди.

---

[16] «Миллий ғәрезсизлик идеясы: тийкарғы түсиник ҳәм принцплер» Нөкис «Қарақалпақстан» 2001 ж.
[17] Каримов И. А «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» Ташкент 2008 ж.

Төлепберген Қайыпбергеновтың дөретпелеринде азатлық, дослық, тынышлық, миллий татыўлық, ўатан сүйгишлик, инсансүйгишлик, еркин мийнет, илимге умтылыўшылық, ата-анаға муҳаббат, жаслар тәрбиясы идеялары орайлық орынларды ийелейди. Жазыўшының биринши китабы ҳәм шығармалары буннан ярым әсирлер бурын қарақалпақ, өзбек, орыс ҳәм тағы да басқа тиллерде, ал ҳәзир болса бир-неше шет тиллерде шығарылды.

## 2.2 Төлепберген Қайыпбергенов дөретиўшилигинде миллий сезим, миллий мақтаныш, ўатанпәрўарлық сыяқлы жоқары инсаний пазийлетлердиң сүўретлениўи.

Әлбетте, ҳәр қандай халық яки миллеттиң мәнаўиятын, оның тарийхы, өзине тән үрп-әдет ҳәм дәстүрлери, турмыслық қәдириятларынан айрып көз алдымызға келтирип болмайды. Бунда руўхый ҳәм мәдений мийрас, мәдений байлықлар, әййемги тарийхый естеликлер әҳмийетли факторлардан бири болып хизмет ететуғынлығы тәбий.

Төлепберген Қайыпбергеновтың дөретпелеринде азатлық, дослық, тынышлық, миллий татыўлық, ўатан сүйгишлик, инсансүйгишлик, еркин мийнет, илимге умтылыўшылық, ата-анаға муҳаббат, жаслар тәрбиясы идеялары орайлық орынларды ийелейди.

Төлепберген Қайыпбергеновтың және бир жаңа дөретпеси «Қәлбимниң қамысы» деп аталады. Дөретпе автордың философиялық ой-сезимлеринен ибарат, оған жазыўшы репортаж-эссе деп жанрлық атама қойған. Бул шығарма да автордың жеке көз карасларына, өткир пикирлерине бай.

Төлепберген Қайыпбергенов дөретиўшилигинде «Түркийнама» дөретпеси де белгили әҳмийетке ийе. Дөретпеде пүткил түркий халыклар, олардың тарийхы сәўретленеди,  туўысқан түркий тиллес халықлардың ески тарийхын, өтмишин қайта қараў, олардың аўызбиршилигин қайта тиклеў, руўхый жақынлығын беккемлеў ҳәм тағы да басқа мәселелер де ортаға қойылады.

Төлепберген Қайыпбергеновтың «Қарақалпақпан, тәўекелшимен» шығармасы жазыўшының өмир тәжирийбеси, оқыған ҳәм көрген ҳәдийселери, фактлери тийкарында дөреген шығарма. Ол оған берилген 999 сораўға жуўаптан ҳәм жасларға деген 99 нәсиятынан ибарат. Бул дөретпеде де ибарат алатуғын пикирлер, үйрениў зәрүр болған факт ҳәм ҳәдийселер көп.

Жазыўшы дөретиўшилигиниң және бир үлкен бөлегин оның публицистикалық мақалалары қурайды. Төлепберген Қайыпбергенов XX әсирдиң ҳ0-жылларының екинши ярымынан баслап елимизде орын алып атырған ҳәр қыйлы машқалалар (көбирек экология машқаласы) жөнинде Москва, Ташкент қалаларында шығатуғын орайлық газета ҳәм журнал бетлеринде көп ғана мақалалар жәриялады.

Бул мақалаларда жазыўшының батыллық пенен айтқан пикирлери еле де орын алыўы мүмкин болған көп ғана трагедиялық жағдайлардың алдын алды, жазыўшылар, журналистлер ортасында ашық сөзлиликти, демократияны раўажландырды. Сондай-ақ олар қарақалпақ көркем публицистикасын буннан былай да раўажландырыўда айтарлықтай хызмет атқарды.

Солай етип, Төлепберген Қайыпбергенов белгили қарақалпақ жазыўшысы. XX әсир қарақалпақ прозасының жетекшилериниң бири болып есапланады.

Ғәрезсизликке ерискеннен кейинги ўақытларда халқымыздың миллий үрп-әдетлерин қайта тиклеў, неше мың жыллыққа ийе тарийхымызды тереңирек үйрениў ҳәм оннан сабақ алыўға айрықша итибар берилмекте.

Себеби ғәрезсизликке ерисиўдиң қыйын жылларын билмей турып, дәслеп тарийх арқалы басып өткен жолларымызды, азатлық ушын гүрескен ата-бабаларымыздың қаҳарманлығын билиўимиз керек. Ҳәр бир әўлад өзлигин билиў арқалы, өз әўладларының, ата-бабаларының қандай өмир сүргенин билиўге ҳәрекет етеди. Олардың қалдырған мийраслары арқалы

мақтаныш сезиминде жасайды. Усыларға мысал етип Төлепберген Қайыпбергеновтың шығармаларын алсақ болады.

Жаслардың илимий дүньяқарасын қәлиплестириў барлық ўақыт миллеттиң алдындағы қатар зиялылардың дыққат орайында болып келген. Ҳәр бир жәмийетте өз дәўириниң оқымыслы, билимдан адамлары дүнья илим пәнине улыўма инсанийлық мәдениятқа салмақлы үлес қосып, ул-қызларының нәўқыран әўладлар болып камал табыўы ушын өзлериниң руўхый-мәдений мийрасларын қалдырып отырған.

Президентимиз Ислам Каримовтың «Ең тийкарғы өлшем-турмыс ҳақыйқатлығын көрсетиў» деп аталған китабы 2009-жылы басып шығарылды. Китапта руўхый ағартыўшылық ислериниң өнимдарлығын ҳәм тәсиршеңлигин асырыў, миллий өзлигимизди аңлаў, бийбаҳа руўхый мийрасымызды асырап абайлаў ҳәм халқымызға жеткизиўде ҳәр тәреплеме өткир ҳәм зәрүр мәселелер сөз етиледи.

Ҳәзирги дәўирдеги глобалласыў мәселелери, илим ҳәм теҳниканың табыслары, заманагой хабар каммуникация технологиялары, интернет системасы ҳәм тағы басқа ҳаққында президентимиз өз пикирлерин баян еткен, Ўатан ҳәм халық мәплерин қорғаў, жас әўладты түрли қәўиплерден асыраўда пикирге қарсы пикир, идеяға қарсы идея, жохолатқа қарсы мәрипет пенен гүресиў бүгинги күнде ҳәр қашанғыданда терең мазмун ҳәм әҳмийетке ийе. XXI әсир информация әсири деп аталып бул дәўирде ҳеш қайсы мәмлекет яки жәмийет өзин темир дийўал менен орап жасай алмайды. Ҳәзирги дәўирде дүньяда болып атырған глобалласыў процесси XX әсирдиң ақыры ҳәм XXI әсирдиң басларында пүткил инсаният, жер жүзиндеги барлық халықлар ҳәм миллетлер раўажланыўы ушын, әсиресе өмирге кирип келип атырған жас әўлад ушын мисли көрилмеген имканиятлар жаратып бергенин ҳеш ким оны бийкар ете алмайды. Пән ҳәм техниканың алдынғы жетискенликлери, заманагой ахборат технологиялары, тийкарынан Интернет тизими түрли мәмлекетлер ҳәм континентлер арасындағы шегараларды ашып

берип, өз-ара бирге ислесиў ҳәм интеграция раўажланыўына сөзсиз үлкен үлес қосып атырғанына бүгин барлығымыз гүўах болмақтамыз.[18]

Адамлардың, биринши гезекте жаслардың аңын, руўхый әлемин изден шығарыўға қаратылған бундай урыныўлардың тийкарғы мақсети, олардың узақ ҳәм бундай қәўип қәтерлердиң алдын алыў бүгинги күнде оғада аҳмийетке ийе болмақта. Ҳәр тәреплеме тереӊ ойланған, үлкен финанслық ҳәм материаллық дереклерге ийе болған бундай ҳәрекетлердиң артында қандай мақсетлер турыпты, булар ушын қандай күш ҳәм ғәрежет сарыплап атырғанын қандай түсиндириўге болады, булар ҳаққында неге бүгин сөз жүргизип, жәмийетимиз, халқымыз итибарын бул машқалаға қаратыўға мәжбүр болып атырмыз, деген саўаллар көпшиликти қызықтырыўы тәбий.

Бүгинги күнимизде де дүнья цивилизациясы ерисип атырған жетискенликлерге барабар, жәмийет келешеги ушын жасларда қандай руўхый, әдеп-икрамлылық идеяларды, қандай дүньяқарасты қәлиплестириў зәрүрлиги ҳәр бир педагог-алым, халық зиялыларының мийнетли ўазыйпасына айланып қалмақта. Соның менен бирге илимий дүнья-қарасты қәлиплестириў машқалалары тек кең жәмийетшилик ўәкиллери менен илим изертлеўшилердиң ғана ўазыйпасы болып ғана қалмай, ал студент жаслардың өзлери тәрепинен де зәрүрлик сезип бармақта.

Төленберген Қайыпбергенов усындай  кең түрде сәўлеленген данышпан шайырлардың бири болды. Өз дәўириниң әдалатлы ҳәм әдалатсыз тәреплерин шын жүрегинен сезе алды. Өзинен кейинги әўладқа жоқары руўхый әдеп-икрамлылық ҳаққында жақсы сөзлер қалдырды. Биз оның әжайып мийрасларын ҳүрмет пенен еске аламыз ҳәм оны қәстерлеймиз.

Өз дөретиўшилигинде миллий идеологиямысты тереӊ сәўлелендирген. Бул идеология еркин пухаралық жәмийети, абадан турмыс қурыўға қарар еткен, булл жолда тезлик пенен алға баратырған халық

[18] Каримов И. А «Ең тийкарғы өлшем-турмыс ҳақыйқатлығын көрсетиў» Ташкент 2009 ж.

идеологиясы. Ол өмиршең күш, жақсылығы менен жәмийеттиң барлық қатламларының қәлби ҳәм санасына тәсир етеди[19].

Шайыр өзиниң әдеп-икрамлылық ҳаққындағы қосықларында жоқары руўхый адамгершилик, мийнет сүўгишлик, дурыс сөзлик, мәдениятлылық ҳәм басқада инсан ушын жоқарғы қәсийетлилик, кәмил инсанға тән болған жақсы пазийлетлерди жәмлестиретуғын мораллық элементлердиң әҳмийетин жоқары баҳалайды.

1950-жылы Төлепберген Қайыпбергенов Қарақалпақ Мәмлекетлик Институтының «Орыс тили ҳәм әдебияты» факультетине оқыўға киреди. Усы ўақыттан ол әдебиятқа шунғып кетеди. 1950-жылы оның дөретиўшилик мийнетлери басланады. Алдын ол поэзия менен қызықты. Бир неше ўақыттан кейин, ол проза жанрна қызыға баслады.

1951- жылы биринши поэмасы «Тилегим» газеталарда басылып шықты. Жас жазыўшы өзин басқа жанрларда сынап көрди. Усы ўақыттан баслап оның мийнетлери газеталарда шығарыла баслады. 1955-жылы Төлепберген Қайыпбергенов Педагогикалық институтты табыслы питкерип шықты. Сол жыллары «Әмиўдәрья» журналында жумыс ислей баслады. 1957-1958 жыллары Қарақалпақстан жазыўшылар аўқамының жуўабкерли хаткери болды. 1958-1959 жыллары Қарақалпақстан радиосында директор орынбасары. 1959-1960 жыллары газета редакторы. 1960-1962 жыллары Қарақалпақстан Мәмлекетлик редакциясының директоры. 1963-жылы жоқары кеңестиң депутаты. 1964-1967 жылларда Радио ҳәм телевидения редакторы. 1967-жылы «Қарақалпақ қызы» романына Бердах атындағы сыйлық пенен сыйлықланды. 1967-1980 жылларда баспа китап ҳәм полиграфиясының орын басары.

1971-жылы «Муғаллимге рахмет» повестине «Хамза» атындағы сыйлық пенен сыйлықланды. 1974-жылы «Қарақалпақстан жазыўшысы» атағы берилди. 1979- жылы «Хүрмет белгиси» медали менен сыйлықланды. 1980- жылы Қарақалпақстан жазыўшылар аўқамының баслығы болып

[19] «Миллий ғәрезсизлик идеясы: тийкарғы түсиник ҳәм принцплер» Нөкис «Қарақалпақстан» 2001 ж.

сайланды. 1980-жылларда баслап ҳәр жылы Өзбекистан жазыўшылар аўқамының орын басары болды. Төлепберген Қайыпбергенов биринши болып 1982-жылы Қарақалпақстанда әдебият күнлерин өтерди. 1987-1991 жылларда Қарақалпақстан Республикасының Жоқары Кеңесиниң аўқамының баслығының орынбасары болып сайланды.

1989-жылда Өзбекистан Республикасы Президенти И.Каримовтың қарары менен Өзбекистан Республикасының президент аппаратының ағзасы болды. 1995-жылдан баслап Орайлық Азия мәденияты басқармасында баслық болып исследи. 1995-жылы «Улыўма халықлық Қашқарий» сыйлығы лауреаты болды. 2003-жылы Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстанның ғәрезсизликке ерискенине 12-жыл мүнәсебети менен Өзбекистан Қаҳарманы атағы берилди. 2004-жылы Төлепберген Қайыпбергенов М.Шолохов атындағы улыўма халықлық сыйлығының лауреаты болды. Ташкент ҳәм Нөкис қалаларында өзбек ҳәм қарақалпақ тиллеринде шығатуғын газета ҳәм журналларында редакциялық коллегиясы болды.

Пидайы жазыўшының соңғы жылларда жәрияланған публицистикалық мақалаларында ғәрезсизлигимиздиң руўхый тийкарларын беккемлеў, қарақалпақ жеринде әмелге асырылып атырған үлкен өзгерис ҳәм жаңаланыўлар процессин сәўлелендириў, кеңпейил халқымыздың дөретиўшилик мийнетин ардақлаў, Арал машқаласына жәмийетшиликтиң итибарын қаратыў темалары айрықша орын ийеледи.

Төлепберген Қайыпбергенов мийнетлерин мәмлекетимиз тәрепинен жоқары баҳаланды. Жазыўшыға «Қарақалпақстан халық жазыўшысы», «Өзбекистан халық жазыўшысы» атақлары берилди. «Шухрат» медали, «Дустлик» ордени ҳәм «Эл-юрт хурмати» сыйлығы менен сыйлықланды. Соның менен бирге «Өзбекистан Қаҳарманы» деген уллы, жоқары атаққа ийе болды[20]..

[20] Еркин Қарақалпақстан 16-сентябрь 2010-жыл №111.

Төлепберген Қайыпбергенов көп ғана шығармаларды қарақалпақтилине аўдарды. Соның ишинде М.Шолохов, Ш.Рашидов, С.Муханов ҳәм тағыда басқалар.

Жазыўшының көп шығармалары жас келешек әўладты дослыққа, әдеп-икрамлыққа тәрбиялайды. Руўхый жақтан жылында» С.Хожаниязов атындағы жас тамашагөйлер театарында қарақалпақ шайыры Бердахтың жаслығы сүўретленген «Степной соловей» атлы спектакли Төлепберген Қайыпбергеновтың шығармаларынан қойылды.

## Жуўмақлаў

Үлкемизде жасап өткен уллы данышпан, үлкен ой-пикир ийеси, миллий тарийхымыздың, дүньялық ҳәм миллий руўхый мәдениятымыздың жарқын жулдызларынан бири Төлепберген Қайыпбергенов бабамыздың миллий мәдений ҳәм руўхый мийрасларына жуўмақ жасар екенбиз, ең әўеле соны терең аңлап алыўымыз зәрүр. Бизге терең философиялық мәнис-мазмунға ийе, өз заманын толғандырған жәмийетлик-сиясий процеслер туўралы пикирлер менен толы өлмес қосықлар ҳәм шығармаларды мийрас етип қалдырды.

Уллы шайыр өзиниң өлмес образлары менен инсанларға әдалат ҳәм шадлық сезимлерин бирлестиреди.

Биз бул бийбаҳа мийрастан халқымызды, әсиресе, жасларымызды қәншелли көп суўландырсақ, миллий мәнаўиятымызды жоқарылатыўға, жәмийетимизде ийгиликли инсаний пазийлетлерди қәлиплестириўде соншелли қудретли билимлендириў қуралына ийе боламыз.

Мине, оның бизге қалдырған руўхый мийраслары неше әсирлер бойы усы кең аймақта қандай бирликли болып бүгинде тарийх ҳәм турмыс гәрдиши, усындай ата-бабаларымыздың мийраслары бизди, пүткил Орта Азия халықларын әйне усындай дослық ҳәм бирге ислесиў руўхында өмир сүриўге шақырмақта.

Елимизде Өзбекистан Қаҳраманы, халық жазыўшысының х0-жыллық юбилейин кеңнен белгилениўи, оның ел сүйген, халық сүйген перзент екенлиги көринип тур.

Өз әдебий хизметин кишкене қосықлар жазыўдан баслаған. Оның қәлеминде көп санлы очерклер, гүрриңлер, «Секретарь», «Муғаллимге рахмет», «Суўық тамшы», «Уйқысыз түнлер», повестлери, «Соңғы хүжим», «Қарақалпақ қызы», «Маман бий әпсанасы», «Бахытсызлар», «Түсиниксизлер» романлары рус, өзбек, қазақ ҳәм басқа да туўысған халықлар тилине аўдарылды.

«Уйқысыз түнлер» ҳәм «Суўық тамшылар» повестьлери қарақалпақ прозасының лирико-психологиялық бағдардың пайда болыўына әкелди. Бул шығармалар өзбек әдебиятшысы-Абдулла Каххардың дыққатын өзине тартады. Гойиб Якубов пенен биргеликте Төлепберген Қайыпбергеновтың «Суўық тамшы» атлы повестин өзбек тилине аўдарады. Дүнья саяхатына шығып, өз елиниң өтмишин үйренди, тарийхшылар менен сәўбетлер алып барды. Көплеген музейлер ҳәм архивлерде болған. Қарағалпақ халқының тарийхын үйрене отырып, ол дүнья жүзлик мәдениятқа үлкен үлес қосты.

Шайырдың руўхый ашықлығы, өткир қарасы ҳәм пикирлери оннан жоқары руўхыйлықтың жоқары қырларынан қабардар еткенинен дерек береди.

Шайырдың пикиринше, жеңиске ерисиў, мақсетке ерисиў туйғысы үстинен ақылдың ҳәкимлиги менен болыўы мүмкин.

Әлбетте, ҳәр қандай халық яки миллеттиң мәнаўиятын, оның тарийхы, өзине тән үрп-әдет ҳәм дәстүрлери, турмыслық қәдириятларынан айрып көз алдымызға келтирип болмайды. Бунда руўхый ҳәм мәдений мийрас, мәдений байлықлар, әййемги тарийхый естеликлер әҳмийетли факторлардан бири болып хизмет ететуғынлығы тәбий.

Төлепберген Қайыпбергеновтың дөретпелеринде азатлық, дослық, тынышлық, миллий татыўлық, ўатан сүйгишлик, инсансүйгишлик, еркин мийнет, илимге умтылыўшылық, ата-анаға муҳаббат, жаслар тәрбиясы идеялары орайлық орынларды ийелейди.

Президентимиз Ислам Каримовтың басламасы менен 9-май Еслеў ҳәм қәдирлеў күни елимизде улыўма халықлық байрам сыпатында кең белгиленеди[21].

Еслеў ата-бабаларымызға жоқары ҳүрмет-иззеттиң көриниси. Инсан еске алыныўы менен тири, қәдири менен уллы. Президентимиз тәрепинен ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан ел-журтымыздың тәғдирине

[21] Еркин Қарақалпақстан «Инсан естелиги-мәңги, қәдир-қымбаты уллы» 12-май 2012 ж. №57

байланыслы тарийхый әдилликти тиклеў, ата-бабаларымыздың ийгиликли ислери, мәртлигин улығлаў ҳәм мәңгилестириў, елимизде инсан мәплерин тәминлеўге қаратылып атырған итибар халқымыздың әне усындай өшпес қәдирятлары, бийбаҳа руўхый пазийлетлерин көрсетип келмекте.

Ҳәммемиздиң исенимимиз кәмил` фашизмге қарсы гүресте өз-ана журтының тыныш, татыў турмысын, ашық аспанын қорғаў ушын мәртлик, ерлик ҳәм қаҳарманлық көрсеткен, жанын пидә еткен ўатанласларымыздың естелиги мәңги жасайды, халқымыз өз перзентлериниң әзиз исимлерин миннетдаршылық пенен еслейди, олардың руўхлары шад болыўын Жаратқаннан сорайды-деп атап көрсетти Президентимиз.

Дүньядан өткенлердиң естелигин өз ядында сақлап, қәстерлеп жасаў халқымыз ушын ең муққәддес пазийлет болып келген. Бундай әдет миллий қәдирятымызға айланып, қанымызға, сүйегимизге сиңип кеткен. Бул қәдирят халқымыздың өзине тән, басқалардан ажыралып туратуғын өзгеше пазийлети. Соның ушында 9-май Еслеў ҳәм қәдирлеў күнин биз үлкен байрам сыпатында белгилеймиз.

Халқымыздың бийғәрез пикирлеўи, руўхый дүньясы, жәмийетлик белсендилиги артып атырғаны барлық табысларымыздың тирегине, күш-қуўатымыздың дәрегине айланып атырғанын сезиў, көриў қыйын емес. Елимизде әмелге асырылып атырған үлкен дөретиўшилик ислери, ерисилип атырған табыслардың негизинде бәринен бурын инсан факторы тур.

Ғәрезсизлигимиздин 21 жыллығын белгилиў қасағасында турмыз. Тарийхый қысқа дәўирде ғәрезсиз Ўатанымызда халқымыздың дөретиўшилик потенциалы, инсан факторы нәтийжесинде қолға киргизилип атырған табысларымызды бүгин дүнья тән алмақта, көплеген еллер бизге ҳәўес пенен қарамақта. Жақында пайтахтымызда ең әҳмийетли салалар-ден-саўлықты сақлаў ҳәм билимлендириў тараўларына бағышлап өткерилген халықаралық әнжуманларда да булл өзиниң айқын тастыйығын тапты.

2012-жылды «Беккем шаңарақ» жылы деп жарияланыўының тийкарында да елимизде инсан мәплериниң үстинлиги, ҳәр бир инсанның өз

халқы, шаңарағы, Ўатанының тәғдирине жууўапкер болып жасаўы сыяқлы ийгиликли мақсетлер тур.

Мине усындай факторлар нәтийжесинде елимизде тынышлық ҳәм турақлылық беккемленип, көп миллетли мәмлекетимизде өз-ара ҳүрмет ҳәм татыўлық барған сайын кең орныға атырғанын атап көрсетиў орынлы болады.

Президентимиз бүгинги тыныш-татыў күнлердиң қәдирине жетиў, ғәрезсизлигимизди беккемлеў мәселелери ҳаққында тоқтап, өсип киятырған жас әўлад ғәрезсизлигимиз тарийхын тереӊ үйрениўи, бундай күнлерге аңсатлық пенен ерисилмегенин түсинип, аңлап жетиўи зәрүрлигин айрықша атап көрсетти. Себеби, ертеңги күн жаслардың қолында. Шешиўши күш сыпатында кирип киятырған жасларды қоллап-қуўатлаў, оларға исеним билдириў керек.

Усы мәнистен алып қарағанда, бүгин белгиленип атырған Еслеў ҳәм қәдирлеў мересиминиң мәнис-мазмуны, яғный өткенлерди еслеў, ҳәзир жасап атырғанларды қәдирлеў, Ўатанды қорғаў, оның қол қатылмаслығын сақлаў сыяқлы жақсы пазыйлетлерди жас әўладымыздың санасына сиңдириў, перзентлеримиз, балаларымыздың биз кимбиз, кимниң әўладымыз деп, ата-бабаларымыздың мәртлигинен өрнек алып, мине усындай ашық аспанды, анна журтымызды биз сақламасақ, ким сақлайды, деген исеним менен жасаўы, бүгинги ҳәм ертеңги турмысымыз ушын күтә үлкен әҳмийетке ийе болатуғынына гүман жоқ[22],-деген еди Президент Ислам Каримов.

Ғәрезсизликке ерискеннен кейинги ўақытларда халқымыздың миллий үрп-әдетлерин қайта тиклеў, неше мың жыллыққа ийе тарийхымызды тереңирек үйрениў ҳәм оннан сабақ алыўға айрықша итибар берилмекте. Себеби ғәрезсизликке ерисиўдиң қыйын жылларын билмей турып, дәслеп тарийх арқалы басып өткен жолларымызды, азатлық ушын гүрескен ата-бабаларымыздың қаҳарманлығын билиўимиз керек. Ҳәр бир әўлад өзлигин

[22] Еркин Қарақалпақстан «Инсан естелиги-мәңги, қәдир-қымбаты уллы» 12-май 2012 ж. №57

билиў арқалы, өз әўладларының, ата-бабаларының қандай өмир сүргенин билиўге ҳәрекет етеди. Олардың қалдырған мийраслары арқалы мақтаныш сезиминде жасайды. Усыларға мысал етип Төлепберген Қайыпбергеновтың шығармаларын алсақ болады.

Ҳәр бир инсан өмирде өзиниң жасаған жасы менен емес, жәмийетте тутқан орны менен, илгир зейинлилиги менен халықты өзине ерте алатуғын жасы үлкенлиги ҳәм төрешилиги менен көзге түседи. Төлепберген Қайыпбергенов усындай кең түрде сәўлеленген данышпан шайырлардың бири болды. Өз дәўириниң әдалатлы ҳәм әдалатсыз тәреплерин шын жүрегинен сезе алды. Өзинен кейинги әўладқа жоқары руўхый әдеп-икрамлылық ҳаққында жақсы сөзлер қалдырды. Биз оның әжайып мийрасларын ҳүрмет пенен еске аламыз ҳәм оны қәстерлеймиз.

Төлепберген Қайыпбергенов дөретпелеринде жас әўладты адамгершиликли кәмил инсан етип тәрбиялаўға бағдарланған әдеп-икрамлылық, дидактикалық характерге ийе қосықлар тийкарғы орынды ийелейди. «Бул дүньяның көрки адам баласы» дегениндей инсан оның әдеп-икрамлылығы бул уллы шайырдың тийкарғы дыққат орайында болған.

Шайыр өзиниң әдеп-икрамлылық ҳаққындағы қосықларында жоқары руўхый адамгершилик, мийнет сүўгишлик, дурыс сөзлик, мәдениятлылық ҳәм басқада инсан ушын жоқарғы қәсийетлилик, кәмил инсанға тән болған жақсы пазийлетлерди жәмлестиретуғын мораллық элементлердиң әҳмийетин жоқары баҳалайды.

Биз халқымыздың дүньяда ҳеш кимнен кем болмаўы ушын халықтың күшли, билимли, дана ҳәм әлбетте, бахытлы болып жасаўы ушын бар күш ҳәм имканиятларымызды соған қарай бағдарлаўымыз зәрүр. Сол себепли биз бул мәселеде сезгирлигимизди, табанлылығымызды, жуўапгершилигимизди күшейтиўимиз керек.

Әййемги тарийхымызды усы мәнисте көз алдымыздан өткерип, таллайтуғын болсақ, әҳмийетлиси ҳәм ибратлы бир пикирди тәкрарлап айтыўға туўры келеди. Яғный ата-бабаларымыз руўхый дүньясының

тамырлары жоқарыда атап өтилген мәнаўият топырағында, тарийхтада, бүгин де бәршениң ҳәўесин келтиретуғын әжайып пазийлетлер тийкарында қәлиплескен.

## Пайдаланылған әдебиятлар

1. Каримов И «2012-жыл ўатанымыз раўажланыўын жаңа басқышқа көтеретуғын жыл болады» Т-2012 ж.

2. Каримов И «Өзбекстан ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында» Т 2012 ж.

3. Каримов И. А «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» Ташкент «Маънавият» 2008 ж.

4. Каримов И. А «Ең тийкарғы өлшем-турмыс ҳақыйқатлығын көрсетиў» Ташкент «Өзбекстан» 2009 ж.

5. Каримов И. А «Озод ва обод Ватан, эркин ва паравон ҳает пировард махсадимиз» Ташкент «Ўзбекистон» 2000 й.

6. Каримов И. А «Өзбекстан XXI әсир босағасында` қәўипсизликке қәўиплер, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери» Ташкент «Өзбекистан» 2007 ж.

7. Каримов И. А «Жамиятимизни эркинлаштириш, ислоҳотларни чуқирлаштириш маънавиятимизни юксалтириш ва халқимизни ҳает даражасини ошириш, барча ишларимизнинг мезон ива мақсадидир» Тошкент «Ўзбекистон»2007й.

8. Каримов И. А «Ватанимиз ва халқимизга садоқат билан хизмат қилиш олий саодатдир» Тошкент «Ўзбекистон» 2007 й.

9. Каримов И. А «Өзбекстан келешеги уллы мәмлекет» Ташкент «Өзбекистан» 1992 ж.

10. Каримов И. А «Өзбекистан өзиниң жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы» Ташкент 1992 ж.

11. «Миллий ғәрезсизлик идеясы` тийкарғы түсиник ҳәм принцплер» Нөкис «Қарақалпақстан» 2001 ж.

12. Жуманазар Базарбаев «Әдеп философиясы» Нөкис «Қарақалпақстан» 2010 ж.

13. Жуманазар Базарбаев «Миллий идея-бизиң идеямыз» Нөкис 2003 ж.

14. Матчанов. А, Хожагелдиев А «Миллий идеология ҳәм руўхый мәдeният мәселелери» Нөкис 2000 ж.

15. Жуманазар Базарбаев «Руўхыйлық тийкарлары» Нөкис «Қарақалпақстан» 2009 ж.

16. Төлепберген Қайыпбергенов «Блокнот сөйлейди» Нөкис 1961ж.

17. Төлепберген Қайыпбергенов «Секретарь» Нөкис 1956 ж.

18. Төлепберген Қайыпбергенов «Муғаллимге рахмет» Нөкис 1958 ж.

19. Төлепберген Қайыпбергенов «Соңғы ҳүжим» Нөкис 1960 ж.

20. Төлепберген Қайыпбергенов «Қарақалпақ қызы» Нөкис 1960 ж.

21. Төлепберген Қайыпбергенов «Қарақалпақ дәстаны» Нөкис 1960 ж

22. Еркин Қарақалпақстан «Инсан естелиги-мәңги, қәдир-қымбаты уллы» 12-май 2012 ж.